ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№83 (24.989) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ




# Яухынущ дызэрыт илъэсым

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоззэпыщIэныгъэ IэмалкIэ хэтащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIа, щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и зэIущIэм.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ 2026 - 2027 гъэхэм я бжыхьэ-щIымахуэ пIалъэм зыхуэгъэхьэзырын, коммунальнэ инфраструктурэм и лэжьэкIэм кIэрымыхун папщIэ, щытыкIэм ипкъ иткIэ, ар зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейм. КъищынэмыщIауэ, щIыналъэ гъуэгу фондхэм мылъку зэрыхухатыкIыпхъэм тепсэлъыхьащ, ар 2030 гъэм пщIондэ зэфIагъэкIыну зыхуагъэувыжа къалэнхэм яхурикъун хуэдэу. Къэухь IэрыщIыр къагъэщхьэпэу, транспортыр зэрагъэлажьэ IэмалыщIэхэр (ИТС) къызэгъэпэщын зэрыхуейми и гугъу ящIащ. Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэмрэ я зэфIэхыкIэм.

ЗэIущIэм и ужькIэ КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм 2026 - 2027 гъэхэм я унэ гъэплъыгъуэ пIалъэм сом мелард 1,2-м щIигъу зэрыхуиутIыпщынур. Жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ зи ужь ит лэжьыгъэ псори и кIэм нэсынущ. ЩIыналъэ гъуэгу фондым сом мелард 1,6-рэ хухагъэкIынущ. Псори зэхэту къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым къриубыдэу, республикэм зэIузэпэщ щащIыжынущ километри 143-м нэс гъуэгу. Налшык къалэм и закъуэ щIыналъэ гъуэгу фондым и мылъкукIэ километр 44,3-рэ щызэрагъэпэщыжынущ.

ЦIыхубэм папщIэ инфраструктурэм и къызэгъэпэщыкIэм и гугъу пщIымэ, республикэм щызэпыуркъым сабий Iыгъыпlэхэр, школхэр, медицинэ IуэхущIапIэхэр, гъуаджэмкIэ сабий школхэр, библиотекэхэр, спорт объектхэр зехьэнымрэ ухуэнымрэ епха лэжьыгъэхэр. Псоми япэ ирагъэщ цIыхубэр псыкIэ къызэгъэпэщын къалэныр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, иджыпсту Налшык щызэрагъэпэщыж «Головной» псы къыщIэшыпIэмрэ абы епха гъэкъэбзапIэ станцымрэ. КъинэмыщIауэ, псыр унэхэм къезышалIэ-щIэзыш объект 19-м йолэжь, абыхэм ящыщу 12-р дызэрыт илъэсым къриубыдэу яухынущ.

# Къызэрагъэпэщынущ кIэлъыплъыныгъэ

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ коммунальнэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм (ТБО) елэжь щIыналъэ IэнатIэм зэфIигъэкI Iуэхухэм. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий, КъБР-м зегъэужьынымкIэ зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщI Чочаев Ахъмэт, «Экотехпром» щIыналъэ IуэхущIапIэм и пашэ Абыкъу Лъостэмбэч сымэ.**

ЗЭХУЭСЫМ къыщаIэтащ коммунальнэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм, IэмалыщIэхэр я Iэдэжу, зэрелэжьыпхъэм, ар зи пщэрылъ IуэхущIапIэм и мылъку-техникэ лъабжьэр зэрегъэфIэкIуапхъэм, псом хуэмыдэу техникэ хэхакIэ. Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ апхуэдэ техникэу IуэхущIапIэм зэригъэпэщащ 20-м щIигъу. Мы махуэхэм абыхэм я бжыгъэм иджыри машинэу 8 къахэхъуэнущ. Республикэм и пашэм зэрыжиIамкIэ, а лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ.

Апхуэдэу зэхуэсым и гугъу щащIащ кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэжын, щIэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейми. Апхуэдэ щIыпIэхэр дяпэкIэ къызэрагъэпэщынущ видео кIэлъыплъыныгъэкIэ, лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр унафэщIхэм я нэIэм щIэтын папщIэ.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр и чэзум зэщIакъуэн, дашын зэрыхуейм ехьэлIауэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ коммунальнэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм щIыналъэм зэрыщелэжьыр и нэIэм щIэт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.




# Унагъуэ. Лъагъуныгъэ. Зэхуэпэжыныгъэ

**Илъэс 20-м нэсауэ ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэр. Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ ягъэува а махуэшхуэр иджы-ри зэ щыхьэт тохъуэ къэрал унафэщIхэм унагъуэм, абы къихъуэ щIэб-лэм, Хэкум къитэджыкI щIалэгъуалэм иужьрей лъэхъэнэм гулъытэ хэха зэрыхуащIым, анэмрэ сабиймрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ псори мыхьэнэш-хуэ зиIэ унэтIыныгъэу къызэралъытэм. ЖыпIэнурамэ, дэтхэнэ къэралми и зэIузэпэщагъэр къызэралъытэр абы и унагъуэ къызэрыгуэкIым иIэ псэукIэм и лъагагъымкIэщ, абы исхэр зыхуей-зыхуэфIхэр ягъуэту гъащIэм зэрыхэтыфымкIэщ. Дызэрыт лъэхъэнэр къызэрыгуэкIыу щымытми, унагъуэмрэ абы исхэмрэ хуащI гулъытэм къегъэлъагъуэ къэрал унафэщIхэр Хэкум и къэкIуэнум зэрегупсысыр.**

*(КIэухыр 12-нэ нап. итщ).*



Хабзэхэм щыхэплъащ, зэхъуэкIыныгъэхэри халъхьащ

2-нэ нап.



Лъагъумыхъуныгъэ зыщIалъхьа бзэщ бзаджащIэхэм я Iэщэр

3-нэ нап.



Анэшхуэ

4-нэ нап.



Iэсият къыхуигъэщIащ щэнхабзэм

10-нэ нап.




11-нэ нап.

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ

# Къалэм и зэIузэпэщыгъэр яубзыху

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхук Iэ яхуэзащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрийрэ республикэм и къалащхьэм и архитектор нэхъыщхьэ Быдэ Аслъэнрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Налшык и архитектурэ теплъэм адэкIэ зэрызрагъэужьыным, къалэм и зэIузэпэщыгъэм. Мы гъэм гъуэгу лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI псэупIэ унэхэм екIуалIэ дыхьэпIэхэм. Iэтащхьэм къыхигъэщащ абыхэм къегъэщIылIа щIыналъэр зыхуей хуэгъэзэнми мыхьэнэшхуэ зэриIэр. КъищынэмыщIауэ, къалэм жыджэру щрагъэкIуэкI фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр - унащхьэхэр, лифтхэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкI. Мы илъэсым апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ унэ 75-м.

Зэпэщ ящIыжынущ жылагъуэ щIыпIэу 9 - Хьэсэней, Белая Речкэ, Кэнжэ, Iэдииху къуажэм я зыгъэпсэхупIэхэр, Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрамым иIэ жыг хадэ цIыкIур, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм и щIыбагъым къыдэт щхьэ зытемылъ музейр, Ашуровым и цIэр зезыхьэ уэрамым щыIэ Зэныбжьэгъугъэм и жыг хадэ цIыкIур, ТекIуэныгъэм и паркымрэ Экстрим-паркымрэ.

КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэрырагъэкIуэкIым, псом хуэмыдэу унэщIэхэр щаухуэкIэ къалэм и хьэблэхэм я архитектурэ щытыкIэр екIуу хъума хъуным кIэлъыплъыну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2026 гъэм и гъатхэ сессиер щиухынумрэ бжьыхьэ сессием щыщIидзэнумрэ ятеухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2026 гъэм и гъатхэ сессиер щиухыну, бжьыхьэ сессием щыщIидзэну пIалъэхэр гъэувын къызэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу 2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-мрэ фокIадэм и 7-мрэ.
2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ ЖАНАТАЕВ Сэлим**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м*
*№323-П-П*



# Ветераным илъэсищэр хуагъэлъапIэ

**Урысей ФСИН-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм хыхьэ колоние №5-м и лэжьакIуэхэр ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Дегтяренкэ Василий и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъумкIэ.**

Ставрополь къыщалъхуа Дегтяренкэ 1943 гъэм и бжьыхьэм хыхьащ Дзэ Плъыжьым. Илъэс 17 ныбжьым иту арат Дегтяренкэ Василий ЕтIуанэ Белорус фронтым и связист щыхъуам. Ар яхэтащ Белоруссиемрэ Польшэмрэ хуит къэзыщIыжахэм, Берлин ебгъэрыкIуахэм. Василий къыхуагъэфэщахэм ящыщщ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, Жуковым и медалыр, «Белоруссиер хуит къызэрищIыжам папщIэ», «Варшавэ хуит къызэрищIыжам папщIэ», «Берлин къызэрищтам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр.

1950 гъэм щыщIэдзауэ ветераныр лэжьащ Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм дэт пощтым и унафэщIым и къуэдзэу, адэкIэ Май районым Iэпхъуэри, абы пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI хъуащ.

ЛIэщIыгъуэ къэзыгъэщIа нэхъыжьыфIым ехъуэхъуну кIуахэм Василий Иван и къуэм фIыщIэ хуащIащ фашист Германием пэщIэту къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ папщIэ.

Езыр хьэщIэхэм ядэгуэшащ зауэ илъэсхэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ.

УФСИН-м и лэжьакIуэхэр ветераным ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ иIэу псэуну. ПщIэшхуэ хуащIу офицерхэм абы IэщIалъхьащ удз гъэгъарэ тыгъэрэ.

*Зыгъэхьэзырар* **БАХЪСЭН Азэмэтщ.**



● КъБР-м и Парламентым

# Хабзэхэм щыхэплъащ, зэхъуэкIыныгъэхэри халъхьащ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим 2026 гъэм и гъатхэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы республикэм и мылъкум, псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэм, щэнхабзэм, ухуэныгъэм, лэжьыгъэ IэнатIэхэм епха хабзэхэм щыхэплъащ, зэхъуэкIыныгъэхэри щыхалъхьащ.**



КъБР-м и республикэ мылъкуу 2026 гъэм, къэблэгъэну 2027 - 2028 гъэхэм тещIыхьам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа проектыр игъэбелджылащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ.

- ЗэхъуэкIыныгъэхэр ехьэлIащ республикэм и мылъкур зэпэлъытауэ гъэбелджылыным. 2026 гъэм къриубыдэу республикэм и хэхъуэр сом 1 мелардрэ мелуан 372,5-кIэ дгъэбэгъуэну ди гугъэщ. Абы щыщу сом мелуан 969, 8-р налог-мыналог мылъкум къыхэкIын хуейщ, республикэм и зымыгъэзэж хэхъуэуи сом мелуан 402,7-рэ хэлъынущ, - жиIащ министрым.

Къызэрыхигъэщамкiэ, республикэм и мылъкум къыхэхъуэн хуейщ IуэхущIапIэхэм я хэхъуэм техьэ налогыу сом мелуан 315,6-рэ, цIыху щхьэхуэхэм я хэхъуэм техьэу сом мелуан 76,1-рэ, зэхуэзыгъэдэж мылъкум техьэу сом мелуани 111,1-рэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыным техьэ сом мелуани 3,1-рэ. 2027 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и къэрал щIыхуэр сом меларди 6,7- рэ хуэдизыну хуагъэфащэ.

- 2026 гъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхъуэр сом мелард 73,7-рэ хуэдизщ. Зыхуеинур сом мелард 77, 683-рэ мэхъу. ЩIыхуэу къытенэнур сом меларди 3,9-рэ хуэдизынущ. 2027 - 2028 гъэхэм тещIыхьа республикэ мылъкум теухуа проектми зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ къыщыгъэлъэгъуащ, - жиIащ Лисун Еленэ.

КъБР-м и Парламентым мылъкумкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил жиIащ бюджетым теухуа проектым Правительствэм къыбгъэдэкI зэхъуэкIыныгъитху зэрыхалъхьар. Проектыр зэIущIэм къыщащтащ.

Къат куэду зэтет унэхэу республикэм щыIэхэр зехьэным теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и Парламентым ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч. Къат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм зэдай мылъкур зехьэнымкIэ фондым и мылъкум щыщкIэ лифтхэр зэрахъуэкIынущ е зыхуей хуагъэзэнущ.

Лэжьыгъэ IэнатIэ зимыIэхэм икIи зымыгъуэтхэм квотэкIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэмрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен.

КъБР-м и законым и 36-нэ статьям, Щэнхабзэм теухуам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, жылагъуэ Iуэхухэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий.

Щэнхабзэм теухуауэ щыIэ федеральнэ законым и мардэм тету къащта проектым ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэм дяпэкIэ Iэмал иIэнущ республикэм бэджэнду щат IуэхущIапIэхэм я уасэр игъэбелджылыну. Тхылъ, газет, журналхэр зыщэхэм я Iуэхур нэхъ тыншу ягъэкIуэтэнущ, щэнхабзэ зэIущIэхэри нэхъыбэрэ къызэрагъэпэщынущ. Мы хабзэм къару егъуэт 2026 гъэм и бжьыхьэм щыщIэдзауэ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм я жэрдэмыр Iэрагъэхьэным тепсэлъыхьащ депутатхэр. Ар ехьэлIащ «Унэ хьэщIэщ хуэIухуэщIэм хуэкIуэным теухуауэ» федеральнэ хабзэм и 1, 9 Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным.

- КъБР-м щыIэщ «хьэщIэ егъэблэгъапIэ» къалэныр тыншу щыпхуэгъэзэщIэну унэ 300 хуэдиз. ИтIани, ди щIыналъэр зи гугъу тщIы гъэунэхуныгъэм хэткъым, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур. Абы къыхигъэщащ щIыналъэм туризмэм зэрызыщиужьри.

КъБР-м и Парламентыр 2026 гъэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэм хиубыдэу зыхэплъэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым КIэлъыплъыныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ.

Жанатаев Салим депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ купщIафIэу зэрылажьэм, жэрдэм щIэщыгъуэхэр къызэрыхалъхьэм, республикэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхухэр зэрызэфIахым папщIэ.

Гъатхэ лэжьэгъуэр зэхуащIыжащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Лъагъумыхъуныгъэ зыщIалъхьа бзэщ бзаджащIэхэм я Iэщэр

**УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Шафир Тимур Налшык дэт Печатым и унэм щрикIуэкIащ видеоконференц. Абы хэтащ телевиденэм, газетхэм, журналхэм я редакторхэр, журналистхэр.**

ИДЖЫРЕЙ журналистикэм и Iэмалхэм, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я къару фIыцIэр къыщызэщIэрыуэ зэманым журналистым и къалэмыр зэригъэIэкIуэлъакIуэнумрэ ар зытетыпхъэ хабзэхэмрэ тепсэлъыхьащ Шафир Тимур. Ар УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарщ, абы и дунейпсо къудамэм и унафэщIщ. Журналист IэщIагъэм иролажьэ илъэс 20 хъуауэ. Иракым, Палестинэм, Сирием, Суданым лэжьыгъэ щрихьэкIащ. 2019 - 2022 гъэхэм журналистхэм я дунейпсо федерацэм и вице-президенту щытащ. Урысей, хамэ къэрал хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядолажьэ. ЩIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ «1 канал», «Россия-24», нэгъуэщIхэми. «Журналистика и медиарынок», «Военный дипломат» къыдэкIыгъуэхэм я редколлегием хэтщ. МГЛУ-м Коммуникацэ технологиехэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэщ, иджырей журналистикэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд итхащ. Политологиемрэ журналистикэмкIэ дерсхэр, зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэрегъэпэщ. «Управление международными организациями», «Практика демократического развития», «Терроризм и контртерроризм - сравнительная теория и практика» IуэхугъуэхэмкIэ IэщIагъэлIщ. 2019 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым къыхуигъэфэщащ «ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зауэжьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм, илъэс куэд хъуауэ щIыхь пылъу лэжьыгъэм зэрыпэрытым папщIэ» щIыхь тхылъыр. 2024 гъэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм «Дзэ Iуэхумепхахэрзэрызэдэлажьэр зэригъэбыдэм папщIэ» медалыр къыхилъхьащ.

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарыр япэщIыкIэ къытеувыIащ «неофашизм» жыхуаIэжым.

- Журналистыр икъукIэ набдзэгубдзаплъэу щытын хуейщ. «Неофашистский нарратив» хужыпIэ хъуну къежьам и пэжыпIэр зэхигъэкIыфмэ, ар псалъэмакъым къызэрыхицIыхукI Iэмалхэм хуэIэзэмэ, и къалэнхэм пэлъэщынущ. Абы къыгурыIуэн хуейщ губжь зыщIэлъ псалъэмакъымрэ а псалъэмакъым щIагъыбзэ бзаджэ щIэлъу неофашистым къыщигъэсэбэпымрэ зэрызэхагъэщхьэхукI Iэмалхэр. Неофашистыр уэрамым дэткъым къыхуеджэныгъэ бзаджэхэр жиIэу кIийуэ. Абы жиIэркъым Iуэху фIей илэжьыну хуейуэ, зыгуэрым зэран хуэхъуну ехъуапсэу - и гупсысэ мыхъумыщIэхэр егъэпщкIу. Иджырей неофашистым хьилагъэ шынагъуэ хэлъщ, уеблэмэ. Апхуэдэщ тхыдэм зыхуигъазэу, ар зэдзэкIауэ къигъэлъэгъуэну и ужь ихьэфынущ, псалъэм папщIэ. Абы щыгъуэми, щымыIа цIэ-унэцIэ гуэрхэр къигупсысынущ, езыр зытепсэлъыхьыну и ужь ит Iуэху еплъыкIэр абыхэм къагъэлъэгъуауэ щытауэ жиIэу. Е интернет каналыр къигъэсэбэпу хъыбарыпцI гуэрхэмкIэ цIыхухэр игъэжэкъуэну иужь ихьэфынущ, цIыхубэм щабзыщI зы хьэдэгъуэдахэ гуэр къитIэщIауэ игъэIуфынущ. Журналистыр хуитщ псалъэмакъ нэпцIхэр игу иримыхьыну, арэзы темыхъуэну, Iумпэм ищIыну. Ауэ абыкIи зэфIэкIыркъым и къалэныр. БзаджащIэм цIыхухэм яхиутIыпщхьэну зи ужь ит хъыбар нэпцIыр, абы къишэнкIэ хъуну лъагъумыхъуныгъэмрэ зэгурымыIуэныгъэмрэ къэмыгъэхъуным зэрыщхьэпэным хущIэкъун хуейщ. Журналистым къицIыхуфу щытыпхъэщ неофашизмыр. Редакцэр хуэсакъын хуейщ къигъэлъагъуэ еплъыкIэм юридическэ къару щIэлъхьэным. Судым зэхигъэкIыным хунэмыс щIыкIэ «мыращ Iуэхум и пэжыпIэр» жыпIэу букъуэдииныр щыуагъэщ. «ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ» жыпIэу къыхэбгъэщ хъунущ е зи гугъу пщIы псалъэхэр жызыIар къэбгъэлъагъуэ хъунущ, «мыпхуэдэм зэрыжиIэмкIэ» жыпIэу.

Псом хуэмыдэу мыпхуэдэ гупсысэхэр къыщысэбэпынущ лъэпкъ куэд зыщыпсэу, дин зэтемыхуэхэр щызэрахьэ щIыналъэхэм. Зыщыщ лъэпкърэ зэрихьэ динкIэ зэтемыхуэхэм я зэхуакум гуапагъэрэ зэгурыIуэрэ дэлъхьэным хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр хэлIыфIыхьыфынущ, - жиIащ абы.

Тимур адэкIэ къытеувыIащ радикализацэр псом хуэмыдэу медиаутыкум къызэрыщызэщIэрыуэм, абы щхьэусыгъуэ хуэхъум. Къыхигъэщащ радикал-бзаджащIэм а жиIэм щыхьэт техъуэ дэфтэр гуэр зэи къызэримыгъэсэбэпыр. Абы и нэрыгъыр цIыхубэм я гупсысэр гъэутхъуэнырщ.

- БзаджащIэхэм къагъэсэбэпыф медиаутыкум и Iэмалхэр. ЦIыхухэм я гупсысэм «ириджэгунырщ» нэхъыбэу зыхуейри, куэдрэ къайхъулIэу пхужыIэнущ. ЦIыхухэр гъэшынэным, гъэгубжьыным, гущыкI егъэщIыным йолэжь. Властым къигъапцIэу, игъэикIэу, хиутэну хуейуэ абыхэм къащигъэхъуным толажьэ радикалхэр. Мыбдежым бзаджащIэхэм я Iэщэ нэхъыщхьэр зэманрауэ жыпIэ хъунущ. ЗэшээзэпIэу цIыхухэм хаутIыпщхьа хъыбарыпцIым егупсысыну е зэпалъытыну Iэмал ирамытын папщIэ, езыхэм я гупсысэ бзаджэхэр трагъэлъалъэ-трагъэлъалъэри, я фIэщ ящI. А псор цIыхум зэрызыхищIэн хуейуи иратыр дакъикъэ бжыгъэщ. Экстремизм хъыбарыр зэи щIэгъэбыдакъым дэфтэркIэ, абы къыщыхьакъым «пэж» жыхуэтIэм щыщ. Дэфтэр гуэр къагъэлъагъуэ хуэдэу зыщащIым дежи, къыщIэщыжыр «дэфтэр» нэпцIщ, - жиIащ Шафир.

АдэкIэ ар тепсэлъыхьащ «язык дегуманизации» жыхуаIэм. Ари бзаджащIэхэр зыхуекIуэ Iэмал шынагъуэщ. ЦIыхум и гущIэгъур фIэгъэкIуэдыным хуэунэтIащ бзаджащIэхэм я къарур. Iэщэ яIэщIэлъкъым абы щыгъуэм, ауэ Iэщэ папщIэу къагъэсэбэп бзэр.

- Лъагъумыхъуныгъэ зыщIалъхьа бзэщ бзаджащIэхэм я Iэщэ фIыцIэр. Иджы девгъэплъыт: цIыхум ущепсалъэм деж жепIэ хъуным теухуауэ зы гъунапкъэ гуэр щыIэщ. БзаджащIэхэр мис абы йобакъуэри, псалъэкIэ гъунэгъуIуэу бгъэдохьэ цIыхум.

Ди зэманым зызыщытхъумэн хуей шынагъуэхэм теухуауэ журналистхэм гупсэхуу къепсэлъащ Шафир Тимур. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Жыласэ Заурбэч видеозэIущIэм кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ, абы редакцэхэм зэрыщытепсэлъыхьынури къыхигъэщащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Махуэгъэпс

# КъызэрытфIэмыIуэхум къыхэкIрэ?

**Ди планетэм цIыхуу тетым я бжыгъэр псынщIэ дыдэу зэрыхэхъуэм къишэнкIэ хъуну гуныкъуэгъуэм ООН-м хэтхэм нэхъ зэIухауэ икIи щхьэтечу тепсэлъыхьын щыщIадзар ХХ лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэрщ.**

1989 гъэм «ООН-м Зыужьыныгъэм теухуауэ щызэхалъхьа программэр зэрылажьэм кIэлъыплъхэм я совет» зыфIащарат псом япэрауэ къыхэзылъхьар бадзэуэгъуэм и 11-р ЩIы Хъурейм цIыхуу тетым я дунейпсо махуэу къэлъытэнымкIэ жэрдэмыр. Къызыхахари, 1987 гъэм а махуэ дыдэм ди планетэм цIыхуу тетым я бжыгъэр меларди 5 зэрыщрикъуар арат. Къыхэгъэщыпхъэр аращи, а бжыгъэр адэкIэ меларди 6-м хуэкIуэным ихьыжар илъэс 12 къудейщ.

АтIэми, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэу 1990 гъэм и дыгъэгъазэм екIуэкIаращ бадзэуэгъуэм и 11-р ЩIы Хъурейм цIыхуу тетым я дунейпсо махуэу къыщащтар.

## Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ

БлэкIам къызэрыхэщыжымкIэ, щIэныгъэлIхэр а зэманым гуныкъуэгъуэ хэзыдзар щхьэусыгъуэншэтэкъым, 1999 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ди планетэм щыпсэуам я бжыгъэр, 1960 гъэм елъытауэ (илъэс 39-рэ фIэкIа нэхъ дэмыкIыу!), тIукIэ нэхъыбэ зэрыхъуар къэтлъытэмэ.

ЩIы Хъурейм щыпсэуа цIыхухэм я бжыгъэр мелардым щынэсар XVIII-XIX илъэсищэ къэбжыкIэхэм (лIэщIыгъуэхэм) я зэхыхьэпIэрщ. АтIэми, адэкIэ дызыIуuар телъыджащэщ: ди планетэм цIыхуу тетым я бжыгъэр мелардитIым нэблэгъэным ихьыжар абы къыкIэлъыкIуа илъэси 130-рэ иримыкъущ! Апхуэдэурэ здекIуэкIым, 1950 гъэм ЩIым цIыхуу щыпсэуам я бжыгъэр меларди 2,5-м щыщIигъуащ.

АтIэми, ХХ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэращ ямылейуэ хэхъуэн щыщIэддзар. Апхуэдэу, 1974 гъэм меларди 4-м дынэсащ. Илъэс 13 дэкIри, зэрыжытIащи, 1987 гъэм, ЩIы Хъурейм къытехутащ мелардитхум «дынэзыхуса» дзадзур. КъыкIэлъыкIуа илъэс 12-м и кIэухым (XXI лIэщIыгъуэм дыщыхэбакъуэм), псори зэхэту ди бжыгъэр мелардихым щхьэдэзыгъэхари, зэрыдгъэнэIуащи, дунейм къытехутащ. Иджыри илъэс 12 къыщызэднэкIа 2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм и кIэух дыдэм, ООН-р щыхьэт зэрытехъуамкIэ, цIыхухэм я бжыгъэр меларди 7-м нызэрыхьэсат.

2024 гъэр щиухым ди планетэм цIыхуу тетам я бжыгъэр меларди 8,156-м нэблэгъат. Ауэ щыхъукIи, ЩIым цIыхуу тетым я бжыгъэр 1800 - 2024 илъэсхэм кърииубыдэу хуэдийкIэ хэхъуащ! АдэкIэ апхуэдэу дызэрекIуэкIами дыщыгъуазэщ, Iэмал гуэр къыхуэдмыгупсысми, нэхъ псынщIэжу дызэрыхэхъуэнури шэч къызытумыхьэнщ.

Мы махуэр къыщIыхалъхьар - ди планетэм цIыхуу тетым я хэхъуэкIэр зыхуэдэр зыхыдигъэщIэн, а Iуэхур дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрыжьэхэуэр, жьыуэпсми щIыуэпсми зэрегуауэр, экономикэм и зыужьыкIэм зыхъуэжыкIэ дызыхуэмейхэр зэрыхилъхьэм гу лъыдигъэтэн папщIэщ.

КъинэмыщIауэ, ЩIы Хъурейм тетхэм я дунейпсо махуэм и къалэн нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар щыпсэухэм я бжыгъэр псынщIэ дыдэу зэрыхэхъуэм дызыхуишэнкIэ хъуну тхьэмыщкIагъэр къэмыгъэхъунымкIэ, абы папщIэкIи хэкIыпIэу щыIэхэр зыхуэдэм щIэныгъэлIхэр, жылагъуэр нэхъ гъэхуауэ тегъэпсэлъыхьынырщ.

АтIэми, щIэныгъэрылажьэхэми къызэрыхагъэщу, ООН-м пыщIахэр мы Iуэхум щIытегузэвыхьыр хэт и дежкIи нэрылъагъу хъунут, ди планетэм цIыхуу щыпсэум я бжыгъэр адэкIи зэрыхэхъуэми а Iуэхум дяпэкIэ дызыхуишэнкIэ хъуну лъэпощхьэпохэми къулыкъущIэхэри цIыху къызэрыгуэкIхэри дегупсысу щытыгъамэ. Уэ дауи егупсыси, ООН-м пыщIа IэщIагъэлIхэми къызэрахутауэ, зэрекIуэкIым адэкIи тедгъэтмэ, 2050 гъэм ЩIым цIыхуу тетынум я бжыгъэр меларда 11-м щыщIигъунущ.

ИтIани, зэрытщIэщи, планетэр зэрыщыту щIэтплъыкIынщи, хэгъэгухэм, щIыналъэхэм, континентхэм щыпсэухэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуэр зэтехуэркъым. Мы Iуэхум ехьэлIауэ 1994 гъэм и фокIадэм Мысырым (Египетым) и щыхьэр Каир щызэхашат къэрали 179-м я лIыкIуэхэр здэщыIа зэхыхьэ гукъинэж. Абы щытепсэлъыхьат блэкIа зэманхэм планетэм (зэрыщыту къатщтэмэ) зыужьыкIэу иIамрэ цIыхуу тетым я псэукIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэр зыхуэдэмрэ.

Зэхыхьэм къыщащта дэфтэру къыкIэлъыкIуа илъэс 20-м тещIыхьам къыщыгъэлъэгъуат а пIалъэм къриубыдэу ди планетэм цIыхуу тетынухэм я щыIэкIэ-псэукIэр зэщхьынур, щIэныгъэм дригъуазэу зэхэдгъэкIынумрэ ди бжыгъэм зэрызихъуэжам кIэлъыплъынымкIэ зэфIэдгъэкIыпхъэхэмрэ. КъинэмыщIауэ, а программэм иратхат зи зыужьыныгъэкIэ адрейхэм яужь къина хэгъэгухэм запыщIэнымкIэ, щыпсэухэр зыхэт гугъуехьхэм къыхэшынымкIэ, дэхуэхахэм щIэныгъэ етынымкIэ, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъунымкIэ хэкIыпIэу къалъытэри.

Зэрынэрылъагъущи, ЩIы Хъурейм щыпсэухэр XXI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм дызыгъэгузавэ икIи гугъу нэхъ дезыгъэхь Iуэхугъуэ ину къытхущIэкIахэм ящыщщ ди планетэм и щхьэфэм къытегуауэ хуабагъэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэр. А Iуэхур къызыхэкIам щыщу щIэныгъэрылажьэхэм къалъытэр, планетэм тесхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум имызакъуэу, езы цIыхухэм щIыуэпсым леишхуэ езых лэжьыгъэхэри щIэгъэхуэбжьауэ зэрырагъэкIуэкIырщ. Уеблэмэ иужьрейр нэхъ дыхэзыгъаплъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● ТхылъыщIэ

# ЦIыхугъэм къегъэув я цIэр къыдэхыжыныр

**Зи гъащIэр лъэпкъ щIэныгъэм щхьэузыхь хуэзыщIахэм я цIэр къыдэхыжыныр цIыхугъэм къигъэув Iуэхуу зэрыщытым и гугъу умыщIми, къытщIэхъуэ щIэблэм я зэхэщIыкIым зэрызрагъэужьынум, я дуней лъагъукIэм зэрызрагъэубгъунум и хьэтыркIэ ахэр къэIэтыжыпхъэщ, гъуэгущIэ тегъэувэжыпхъэщ. Апхуэдэщ зи цIэр куэдым ямыщIэ, ауэ адыгэ щIэныгъэм гуащIафIэу хуэлэжьа IуэрыIуатэдж, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, егъэджакIуэ Меркицкэ Iэмин и къуэ Рашид.**




РАШИД и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэри илъэс бжыгъэкIэ зэхуихьэсыжу щIэныгъэхутэ институтым и архивым хилъхьахэри иджыри къыздэсым зэгъэуIуауэ дунейм къызэрытемыхьар щIэныгъэм дежкIэ щыщIэныгъэшхуэт. IуэрыIуатэмкIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIхэм фIэкIа, абы и Iэрытххэм щыгъуазэ куэд щыIэтэкъым. Ауэ щыщIэныгъэр гъащIэм зэригъэзэхуэжа хуэдэщ. Меркицкэм и щIэныгъэ икIи литературэ щIэиныр зэрыIыгъыу тхылъ бэлыхь дунейм къызэрытехьэрэ куэд щIакъым. КъыдэкIыгъэм игъуэта фIэщыгъэри езым хуэфэщэжщ. «УгъуеякIуэм и пхъуантэ» фIэщыгъэ хьэлэмэтыр зыгъуэта тхылъым ихуа IуэрыIуатэхэр архивым къыхэзыхыжу литературэ тхыгъэхэр 1930 гъэхэм къыдэкIахэм къизыхыжу тедзэным хуэзыгъэхьэзыра Агъыржанокъуэ Симхъан хуэмыфащэ фIыщIэ псалъэ щыIэкъым. Ар темызэшэжу илъэс бжыгъэкIэ зыбгъэдэта лэжьыгъэм тхылъ фафIэшхуэ къищIыкIащ, лъэпкъ щIэныгъэр ипэкIэ зэригъэкIуэтэнумкIэ гугъапIэ къыуиту.

Меркицкэ Рашид и щIэиныр къыдэгъэкIыным гугъуехь зыбжанэ пылъу къыщIэкIащ. Ахэр зэрыщыткIэ адыгэ тхыбзэр зытету щыта латин хьэрфкIэ тхат, а тхыгъэбзэр зыщIэж, жэрыгъэкIэ къизыджыкIын куэд дыдэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу псалъэхэр зырызыххэу иджырей тхэкIэм хуэгъэкIуэн хуей хъуащ. Ауэ къарурэ далэрэ зыхьар абы и закъуэкъым. Меркицкэ Рашид къигъэпсэлъа нэхъыжьыфIхэр еджэкIэ-тхэкIэ зымыщIэу къуажэм къыдэмыкIыу игъащIэми щыпсэуа защIэт. Щхьэж зыщыщ лIакъуэрэ зыщыпсэу къуажэрэ и бзэрэ псэлъэкIэрэ зыгъэIурыщIэ нэхъыжьхэм жьы хъуа, нобэм ямыщIэж, езы IуэрыIуатэзехьэхэр щыпсэуа къуажэхэм щIагъуэу ямыщIэж псалъэ куэд дыдэ къыхэхуэрт. Абыхэм я мыхьэнэр къэгъуэтыным, ахэр и пIэ игъэувэным къызэрымыкIуэу лэжьыгъэшхуэ текIуэдащ. Iуэху мыублэ блэ хэсщ, жаIэ адыгэхэм. Ежьа Iуэхум хэлъ гугъуехьхэм щымышынэу Агъыржанокъуэ Симхъан дэтхэнэми я зэфIэхыным и ужь икIакъым, и гуращэхэри зригъэхъулIащ.

«УгъуеякIуэм и пхъуантэ» тхылъышхуэр IыхьиплIу зэхэтщ. «Зэхуихьэсыжа IуэрыIуатэхэр», «ЗэдзэкIыгъэхэр», «И IэдакъэщIэкIхэр», «КъыхужаIахэр» фIэщыгъэхэр зыгъуэта едзыгъуэхэм дэтхэнэми Меркицкэм и гуащIэдэкIыр зэрыин дыдэр къигъэлъагъуэу щапхъэ куэд къыщыкIуащ. «Зэхуихьэсыжа IуэрыIуатэхэр» едзыгъуэм къыщыкIуащ щIэныгъэлIым илъэс зыбжанэкIэ зэхуихьэса уэрэдыжьхэр, тхыдэжьхэр, пшыналъэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ куэдыр зыщIэж урихьэлIэнукъым, ар къэгъэнауэ, кIыхьу, шэщIауэ, дэху имыIэу тхыжауэ къытрадзахэми къахэкIынукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ Меркицкэм итхыжахэр щIэныгъэм дежкIэ зы лъэбакъуэфI мэхъу.

Меркицкэ Рашид зэдзэкIакIуэ Iэзэт. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ Шевченкэ Тарас и усэхэр, Чарушин Евгений и литературэ таурыхъхэр, нэгъуэщIхэри. Адыгэбзэм зиужьынымкIэ, нэхъапэкIэ щыжыIа мыхъуа гупсысэ щхьэхуэхэр тхыбзэм къыщыIуэтэн и лъэныкъуэкIэ ахэр псыпэхэшу щытащ. «ЦIыхум уэрэд жеIэ» («Человек поет») тхылъ цIэрыIуэм Рашид и тхыгъэ зыбжанэ ихуащ. Меркицкэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ поэмэ зыбжанэ. Ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Нобэр къыздэсым а тхыгъэхэм я мыхьэнэр кIуэдакъым, тха зэрыхъуа адыгэбзэри умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

НапэкIуэцI 340-рэ хъу тхылъыр бжыгъэкIэ 300-у фIэкIа къыдэкIакъым. Ар мащIэщ, ауэ абы къызэIуих адыгэ дунейр апхуэдизкIэ щхъуэкIэплъыкIэу къолъагъуэ, абы къиIукI адыгэбзэр апхуэдизкIэ щIэщыгъуэу зэхыбозри, щIэблэ ирибгъэсэну, лъэпкъ щIэжыр кърипIэтыну уасэ яIэкъым.

Бийм пэщIэту зэуапIэм имыхьами, Рашид абыхэм зэрапэщIэувэн Iэщэ иIащ - щIэныгъэ. Ар дунейм къытезыгъэхьа Натыхъуей хэкуми къэзылъхуа лъэпкъми а щIэныгъэмкIэ яхуэлэжьащ, ар Iэщэ гуащIэти, абыкIэ бийри хигъэщIащ. Илъэс 30 фIэкIа иримыкъуу зэрыпхъуакIуэхэм яIэщIэкIуэда щIалэм и цIэр лъэпкъым щIыщымыгъупщэн Iэджэ фIыщIи бгъэдэлъщ. Абы и цIэр къыдэхыжыныр, ди щIэблэм егъэщIэныр хэт и дежкIи хьэкъщи, а хьэкъыр тщхьэщызыха, апхуэдиз гуащIэдэкIыр къытхузэзынэкIа Агъыржанокъуэ Симхъан хуэфащэ пщIэр къыпхуэмыIуэтэну инщ.

*Сурэтри тхыгъэри*
**ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

# Анэшхуэ

**«Дыщэ зиIэ нэхърэ - нэхъыжь зиIэ» жеIэ адыгэ псалъэжьым. НэхъыжьыфIым, зи гугъу тщIыр адэшхуэ-анэшхуэхэрщ, я жьауэ къыщIэтэджыкI сабийхэм гъащIэр фIыгъуэшхуэкIэ къахуэупсащ. Адэшхуэ-анэшхуэхэр быным и быныжым зэрыхуэупсэ гуапагъэр, IэфIагъэр, я гъащIэр зэрагъэнщI лъагъуныгъэм куэдкIэ елъыташ абыхэм я дуней лъагъукIэр зэрыщытынур. Дадэ-нанэм я гумащIагъэр, абыхэм ятеухуа гукъэкIыжхэр дэтхэнэми и гъащIэм и кIыхьагъкIэ пхрех. Абы и щыхьэтщ КIуэкIуэ Алинэ и анэшхуэ КхъуэIуфэ (Къунаш) ФатIимэт теухуауэ къытхуитха тхыгъэр.**



«ИЖЬКIЭРЭ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэжьыр, цIыху лъапIэныгъэхэр, пщIэ-нэмысыр зыхъумэ, Iущыгъэр щIэблэм ялъызыгъэIэс цIыхухэм ящыщт си анэшхуэ КхъуэIуфэ (Къунаш) ФатIимэт.

Ар 1943 гъэм, зауэм и гуащIэгъуэ дыдэм, Дыгулыбгъуей (Къызбрун Ещанэ) къуажэм къыщалъхуащ. Езыр дунейм къытехьэным куэд имыIэжу и адэр зауэм дашащ. Зауэр и кIэм щынэблагъэм, Къунаш Аслъэмурзэ, си анэшхуэм и адэр, хэкIуэдащ, и сабий нэхъыщIэр илъагъунуи хунэсакъым. Нанэ зэрыжиIэжымкIэ, ар зауэлI хахуэу щытащ, зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу кърата орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщат.

Си анэшхуэм, езым нэхърэ зэрынэхъыжьышхуэ щымыIэхэу, дэлъхуиплI иIэт. Абы куэдрэ жиIэжырт щхьэгъусэншэу бынитху ипIын хуейуэ къызыхуэна и анэр егъэлеяуэ гугъу зэрехьар. Зауэ нэужь зэман хьэлъэми гугъуехь псори ягъэващ унагъуэм: ягъэунэхуащ мэжэщIалIагъэри щыгъыныджагъэри. Бынхэр къыдэкIуэтейуэрэ анэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъун щIадзащ, хуэмури унагъуэм нэхъ зыкъиужьыжащ.

Си анэшхуэр пасэ дыдэу унагъуэ ихьащ. Си адэшхуэмрэ абырэ илъэс 43-кIэ зэдэпсэуащ, зэгурыIуэ, лъагъуныгъэ, гуапагъэ, хабзэ, нэмыс я кум дэлъу. Абыхэм щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ зэдагъуэтащ. Си адэр абыхэм я бын нэхъыжьщ. 2003 гъэм си адэшхуэр, 2024 гъэм си анэшхуэр дунейм ехыжахэщ. Нанэ илъэгъуащ къуэрылъху-пхъурылъхуу 13, абыхэм я щIэблэу 26-рэ.

Си анэшхуэм хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къытхуиIуэтэжырт, ахэр псори гъащIэм и дерсхэмкIэ гъэнщIат. И сабиигъуэм, щIалэгъуэм, зауэ нэужь зэман хьэлъэм зэрыхэпсэукIам куэдрэ къытхутепсэлъыхьыжырт. Апхуэдэуи хабзэ тхэлъу, ди нэмысыр тIыгъыжу дызэрыпсэуным сытым дежи дыхуиущийрт. Лъагъуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, гъащIэм теухуауэ абы и чэнджэщ Iущхэр сытым дежи сигу илъщ. Абы сигъасэрт гущIэгъу схэлъу, гуапэу сыщытыну, цIыхухэр фIыуэ слъагъуну, гъащIэм и дэтхэнэ дакъикъэмкIи фIыщIэ сщIыуэ сыпсэуну.

Нанэ дунейм щехыжам, гуауэр абрэмывэу си гум къытехуат. Ар IэтIыгъуафIэ къысщызыщIар анэшхуэр къызэрысхуэупса лъагъуныгъэшхуэрщ, абы и IэфIагъыу, и гуапагъыу си псэ лъащIэм щысхъумэрщ. Щопсэу нанэ си гум, си гукъэкIыжхэм дахэу хэтщ. И щIэблэ дунейм тетыху анэшхуэм и цIэр Iунущ, абы и хъыбар куэд си бынхэми яхуэсIуэтэнущ».

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 11,**
*щэбэт*

♦**ЦIыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Шоколадым и дунейпсо махуэщ**
♦**1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе.**
♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Алим.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 12,**
*тхьэмахуэ*

♦**Граждан авиацэм и бортзехьэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ сурэттехым и махуэр**
♦**1927 гъэм** къалъхуащ скульптор Iэзэ, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI ТхьэкIумашэ Михаил.
♦**1947 гъэм** къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.**
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пщыгъусэ Аслъэнбэч.**
♦**1958 гъэм** къалъхуащ дзюдомкIэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 13,**
*блыщхьэ*

♦**Акъылым зезыгъэужь джэгукIэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Брай Адэлбий.**
♦**1972 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-график, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник **Пащт-Хъан Алим.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 22-рэ: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 33-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 18-р щIалэщ.

*Бадзэуэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 255-рэ, *илъэсым* и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4631-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Щауэр зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зэрыгуащэр и щэнщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 13

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/ Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**02.25** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «КУПЧИНО» (16+)

### Звезда

**05.45, 09.15** Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**10.10, 13.25** Т/с «КОГДА РАСТАЯЛ СНЕГ» (16+)
**14.40, 15.05, 17.15** Т/с «КОГДА РАСТАЯЛ СНЕГ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**22.05** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**00.30** Х/ф «ТАЕЖНАЯ ПОВЕСТЬ» (16+)
**02.15** «Атом. энергия мира». Д/с (16+)
**03.05** Т/с «КОГДА РАСТАЯЛ СНЕГ» (16+)

### Россия К

**06.30** Пешком...
**07.00** Легенды мирового кино
**07.30** Х/ф «ЭТО БЫЛО ПРОШЛЫМ ЛЕТОМ» (16+)
**08.50** Д/ф «Роман в камне»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**11.00** Х/ф «РАННЕЕ, РАННЕЕ УТРО...» (16+)
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Д/с «Твердыни земли русской»
**13.35** Д/ф «Возрождение дирижабля»
**14.35** Х/ф «МЫ, НИЖЕПОДПИСАВШИЕСЯ» (16+)
**17.15** Симфонические сюиты
**18.15** Д/с «Сияющий купол»
**18.45** Д/ф «Мая Миткевич. Хранитель искусства Русского Севера»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Д/с «Кунсткамера. Вертикальный музей»
**21.10** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**23.10** Х/ф «МАКЛИНТОК!» (16+)
**00.15** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**00.45** Д/ф «Самые смертоносные вулканы»
**01.35** Симфонические сюиты
**02.30** Д/ф «Роман в камне»

### Матч!

**06.00** Смешанные единоборства. К. Усман - Л. Эдвардс. UFC. Трансляция из США (16+)
**07.00, 12.35, 17.10** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**11.45** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.40** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**14.55** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**17.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**18.00** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**20.15** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**22.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**23.30** Футбол. Премия Winline Герои РПЛ. Трансляция из Москвы (6+)
**01.05** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**01.25** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. Матч за 3-е место. Трансляция из Орла (6+)
**02.25** Триатлон. Мировая серия. Мужчины. Трансляция из Германии (6+)
**04.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Блочный лук. Команды. Трансляция из Испании (6+)

## Гъубж, бадзэуэгъуэм и 14

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/ Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**02.25** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «КУПЧИНО» (16+)

### Звезда

**06.00, 09.15** Т/с «КОГДА РАСТАЯЛ СНЕГ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**10.15, 13.25** Т/с «НЕМЕЦ» (16+)
**14.40, 15.05, 17.15** Т/с «НЕМЕЦ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Улика из прошлого» (16+)
**22.05** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**00.25** Х/ф «ПОЕЗД ВНЕ РАСПИСАНИЯ» (16+)
**01.55** «Шедевры военных музеев». Д/с (12+)
**03.00** Т/с «НЕМЕЦ» (16+)

### Россия К

**06.30** Пешком...
**07.00** Легенды мирового кино
**07.30** Х/ф «ЭТО БЫЛО ПРОШЛЫМ ЛЕТОМ» (16+)
**08.50** Д/ф «Роман в камне»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**11.00** Х/ф «РАННЕЕ, РАННЕЕ УТРО...» (16+)
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**13.15** Д/ф «Самые смертоносные вулканы»
**14.10** Д/с «Кунсткамера. Вертикальный музей»
**14.50** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**17.15** Симфонические сюиты
**17.55** Кристальные истории
**18.15** Д/с «Сияющий купол»
**18.45** «Острова»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Д/с «Кунсткамера. Вертикальный музей»
**21.10** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.45** Д/ф «Роман в камне»
**23.10** Х/ф «МАКЛИНТОК!» (16+)
**00.15** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**00.45** Д/ф «Почему вымерли неандертальцы?»
**01.40** Кристальные истории

### Матч!

**06.00** Смешанные единоборства. К. Усман - Л. Эдвардс. UFC. Трансляция из Великобритании (16+)
**07.00, 12.35, 17.10** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**11.45** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.40** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**14.55** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**17.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**18.00** Футбол. Чемпионат мира-2026 (6+)
**20.15** Футбол. Лучшие голы. чемпионата мира 2026 (6+)
**21.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**01.25** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Мужчины. Матч за 3-е место. Трансляция из Орла (6+)
**02.25** Триатлон. Мировая серия. Женщины. Трансляция из Германии (6+)
**04.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Блочный лук. Индивидуальное первенство. Трансляция из Испании (6+)

## Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 15

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/ Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «РАБОТА НАД ОШИБКАМИ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ИСТОРИЯ ЕГО СЛУЖАНКИ» (16+)
**23.40** Т/с «БОГАТЫЕ ТОЖЕ ПЛАЧУТ» (16+)
**02.10** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)
**03.30** Т/с «ЧУЖОЕ ГНЕЗДО» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**08.25** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.35** Т/с «КУПЧИНО» (16+)

### Звезда

**05.45, 09.15** Т/с «НЕМЕЦ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**10.00, 13.25** Т/с «ЭШЕЛОН» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЭШЕЛОН» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Секретные материалы». Д/с (16+)
**22.05** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**00.15** Х/ф «СЕЛЬСКИЙ ВРАЧ» (16+)
**02.15** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)
**02.45** Т/с «ЭШЕЛОН» (16+)

### Россия К

**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**11.00** Х/ф «РАННЕЕ, РАННЕЕ УТРО...» (16+)
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**13.15** Д/ф «Почему вымерли неандертальцы?»
**14.10** Д/с «Кунсткамера. Вертикальный музей»
**14.50** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**16.30** Д/с «Запечатленное время»
**17.15** Симфонические сюиты
**18.15** Д/с «Сияющий купол»
**18.45** Д/ф «Последняя высота»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Д/с «Кунсткамера. Вертикальный музей»
**21.10** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.30** «Острова»
**23.10** Х/ф «ДЕТИ САНЧЕСА» (16+)
**00.15** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**00.40** Д/ф «Конец эпохи динозавров. Сценарий одного апокалипсиса»
**01.35** Симфонические сюиты
**02.15** Неизвестные маршруты России

### Матч!

**06.00** Смешанные единоборства. И. Махачев - А. Волкановски. UFC. Трансляция из ОАЭ (16+)
**07.00, 12.35, 17.10** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/2 финала. Трансляция из США
**11.45** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.40** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/2 финала. Трансляция из США (6+)
**14.55** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/2 финала. Трансляция из США (6+)
**17.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**18.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/2 финала. Трансляция из США (6+)
**20.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**21.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/2 финала. Прямая трансляция из США
**00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**01.25** Пляжный волейбол. Финал Кубка России. Женщины. Финал. Трансляция из Орла (6+)
**02.25** Триатлон. Мировая серия. Смешанная эстафета. Трансляция из Германии (6+)
**04.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Классический лук. Команды. Трансляция из Испании (6+)

## Махуэку, бадзэуэгъуэм и 16

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/ Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
«Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ» Хьэкъуным и иужьрей тхылъ хъуари «Iуащхьэмахуэ» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

«Нобэ фи пащхьэ итлъхьэ мы тхылъыр дгъэхьэзырыныр къытхуэзыгъэувар лъэпкъым илъэс мин бжыгъэкIэ мэкъумэш, ботаникэ, экологие щэнхабзэ ин къызэрыдекIуэкIыр езы адыгэ цIыхухэм къагурыгъэIуэжын зэрыхуейращ, ар джыным, щIэрыщIэу къэхутэжыным щIалэгъуалэр къыхуемыджауэ зэрымыхъунурщ. Мы тхыгъэр къэхутэныгъэ пыухыкIа щытыкIэм игъэувакъым, ауэ догугъэ тхылъеджэхэм сэбэп къахуэхъуну, курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ адыгэ щIалэгъуалэр, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ цIыхухэр лъэпкъым хуэлэжьэным къыхуеджэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну», - къыхигъэщат Хьэкъуным и пэублэ псалъэм.

«Мыбдежьым занщIэу щыжысIэнщ фэрыщIагъ лъэпкъ хэзмылъхьэуи, сэри сащыщщ Барэсбий и Iэрытхым япэу къеджэну зи насып къикIахэм сазэрыхэхуам къыщымынэу, ар къыдэгъэкIыным зи гуащIэ зэрыхилъхьам иригушхуэхэм...

Дызэрыщыгъуазэщи, Хьэкъун Барэсбий и гуащIэ къыдэкIащ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт псо зэрыгушхуэ хъун лэжьыгъэ - еш имыщIэу и зэмани, и мылъкуи, и щIалэгъуэри тригъэкIуадэурэ, адыгэ жылагъуэхэр илъэс бжыгъэкIэрэ къызэхикIухьри, адыгэ къэкIыгъэщIэу 1500-м нэс зэхуихьэсыжащ, ахэр итуи тIэунейрэ (1975, 1982 гъэхэм) тхылъ къыдигъэкIащ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэшхуэу зэрыщытым нэмыщIкIи, абы мыхьэнэуэ иIэр къэлъытэгъуейщ нобэрей щIэблэр зэплъэкIыу ди нэхъыжьхэм ябгъэдэлъа щIэныгъэмрэ Iущыгъэмрэ егупсысыжыным теухуауэ», - пэджэжащ щIэныгъэлIым а тхылъым и редактору щыта, рецензэ хуэзытха, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Арсен.

Хьэкъуныр илъэс куэдкIэ яужь итащ адыгэхэр мэкъумэшым зэрелэжьу щыта щIыкIэр зэфIэгъэувэжыным, лъэпкъым къыдекIуэкIа мэкъумэш къэкIыгъэхэр къэхутэжыным. Сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къадэгъуэгурыкIуа гъасэр илъэс Iэджэ тригъэкIуадэу къызэригъуэтыжамрэ а къэкIыгъэ хьэлэмэтым и жылапхъэхэр зэригъэбэгъуэжамрэ.

Апхуэдэу Iуэхум бгъэдыхьэфынур къызыхэкIа лъэпкъым псэкIэ хуэпэж, абы и къэкIуэнум фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу иригузавэ цIыхурщ. Барэсбий апхуэдэ адыгэ щIалэу зэрыщытам, дауи, шэч хэлъкъым.

Фигу къэдгъэкIыжыну дыхуейт Хьэкъуным и «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр» етIуанэу къыщыдагъэкIыжам кIэух псалъэр хуэзытха, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Барэсбий и ныбжьэгъу пэжу щыта Iэбдокъуэ Iэуес и IэдакъэщIэкIым къыхэтха Iыхьэ: «Хьэкъуныр куэдрэ макIуэ къуажэхэм. Ар кIэлъоплъ унагъуэхэм я хадэхэр зэрызэрахьэм. Хуабжьу и гуапэ мэхъу щIыр тэмэму къагъэсэбэпу щилъагъукIэ. ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ Барэсбий уригъусэу губгъуэм уитыну. Абы къыбжиIэфынущ дэтхэнэ удзми и цIэр, ар цIыхубэ медицинэм къызэригъэсэбэпым щыгъуазэ ухуищIыфынущ. Абы фIыуэ ещIэ а удзхэм я химическэ зэхэлъыкIэр, ар узыфэ зэхуэмыдэхэм хущхъуэгъуэ щIыхуэхъум и щхьэусыгъуэхэр. Мэзым ущIыхьами аращ: мыр кIейщ, мор дыкъуэнагъщ, модрейр Iэнейщ, абы къыбгъэдэтыр блашэщ, мо занщIэу дэжейр чыпцIэщ - гу зылъуимыгъатэ жыг лIэужьыгъуэ къигъэнэнукъым. КъыбжиIэнущ чыпцIэр гуахъуэкI, блашэр шэмэджыкI, Iэнейр джыдэкI зэращIыр, мыщэхупщыр, мэз шэдыгъуэр щыхъу лъэхъэнэхэр.

ЩIыуэпсыр фIыуэ зылъагъу, абы и пкъыгъуэхэм щыгъуазэ цIыхущ абы и хъугъуэфIыгъуэхэр къэзыхутэфынур. Дэнэ щыIэми, сыт ищIэми щIэныгъэлIым и лэжьыгъэр хуэунэтIащ цIыхум и сэбэп зыхэлъ щIэным, абы папщIэ ар и щIэныгъи и къаруи еблэжыркъым».

Къэтхьынщ Барэсбий къигъуэтыжа адыгэ къэкIыгъэцIэхэм ящыщ зыбжанэ:

***Банэжыг - Гледичия колючая.***

Зи лъагагъыр м 25 - 30-м нэс, жьауэ мащIэ зыщI жыгщ. И пхъафэр гъуабжэ-фIыцIафэщ, жыгыпкъым, къудамэхэм см 10 - 15-м нэс я кIыхьагъыу банэ куэд ятетщ, тхьэмпэ цIыкIу 16 - 28-уэ зэхэт, къабзийм ещхь жыг тхьэмпэхэм я кIыхьагъыр см 15-20-м нос. МащIэу гъуэжьыфэ къызыщIэлъадэ гъэгъахэр накъыгъэм - мэкъуауэгъуэм, тхьэмпэ къищIа нэужь, къыпедзэ. Жылэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу, гъуабжэ-фIыцIафэщ, пIащIэ-хъурей щIыкIэщ.

Нэхъыбэу къыщагъэкI ди къэралым и ипщэ щIыпIэхэм, хуабапIэхэм.

Езыр-езыру къыщокI Америкэ Ищхъэрэм. И гъэгъахэм бжьэм фо къыхах. Банэжыгым колхоз, совхоз жыг хадэхэр къраухъуреихь. Ар зэщIэкIа нэужь, хадэхэр фIыуэ Iэщым щехъумэ. И пхъэр быдэщ, дахэщ.

***Банэжь - Чертополох поникший.***

ИлъэситIкIэ къэкI, зи лъагагъыр м 1 - 1,5-м нэс удзыжьщ. И пкъыр занщIэу докIей, и тхьэмпэхэм лэдэх яIэщ, лъабжьэ гъум быдэ ещI.

КъэкIыгъэм дэнэ дежи банэ папцIэ пхъашэ куэду тетщ. Япэ илъэсым банэжьым пкъы ищIыркъым, и лъабжьэр кууэ йокIых, етIуанэм - пкъы гъум къыдож. Гъэмахуэкум абы и щхьэкIэм зыщхьэу зэхэт гъэгъа шакъафэ къыпедзэ. ГъэмахуэкIэм жылэхэр мэхъу, я теплъэкIэ сэхуран жылэм ещхьщ, ауэ куэдкIэ нэхъ цIыкIущ, я фэкIэ гъуабжэ-фIыцIафэщ.

Бжьэм абы хущхъуэшхуэ зыхэлъ фо къыхах.

***БанэкIэпхъ – Липучка ежевидная.***

Зы гъэкIэ е гъитIкIэ къэкI удз лъахъшэщ. Ипкъ зыбжанэу зызыгуэшыр см 20 - 30-кIэ докIей. Гъэгъа къащхъуэ цIыкIухэр гъатхэм удз щхьэкIэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр бгъузэ-кIыхьщ, ипкъхэм цы щабэ тетщ, и жылэ хъурей цIыкIухэм тет банэхэр мэлхэм я цым хонэ.

КъэкIыгъэм ущыхуозэ дыгъапIэ джабэхэм, хъупIэхэм, мэкъупIэхэм.

***Барэбыдз - Короставник.***

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ.

Ахэр псори удзщ, языныкъуэхэр илъэс зыбжанэкIэ къокI, адрейхэр къызэрыкIыр илъэситIкIэщ. Барэбыдз лIэужьыгъуэхэр зэрыдэкIей лъагагъыр зэхуэдэкъым. Ди щIыпIэм къыщыкIхэм яхэтщ см 30 - 60-кIэ, 150-кIэ дэкIейхэр. Нэхъыбэу барэбыдзхэм уащрохьэлIэ мэкъупIэхэм, губгъуэхэм, мэз лъапэхэм, гъурцхэм яхэту, Къущхьэхъум.

***Батыргъэн - Борщевик.***

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэм ущрохьэлIэ гъитIкIэ, нэхъыбэкIэ къэкI батыргъэн лIэужьыгъуэхэм.

Абыхэм я лъагагъщ см 50 - 100 - 200 - 300.

Псоми я тхьэмпэхэр инщ, япкъхэр кунэщIщ, мэ къакIэрех. Гъэгъахэр удз щхьэкIэм Iэрамэ хъурейуэ къыпедзэ. Батыргъэным тет цы пхъашэм цIыху щIыфэр къритхъмэ, куэдрэ мыхъуж псыбыб ещI. Тхьэмпэхэр Iэщым яшх. Нэхъыбэу къыщокI мэкъупIэхэм, мэз лъапэхэм, хуейхэм, къуэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм. КъэкIыгъэм и лъабжьэм эфир дагъэ щIэлъщ. Абы къыхэкIыуи батыргъэнхэм, щхьэр игъэузу, мэ къакIэрех.

***Батыргъэнкупсэ -Борщевик розовый.***

Зи лъагагъыр см 30 - 60 нэхъ мыхъу, илъэс зыбжанэкIэ къэкI батыргъэн лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр къабзийм ещхьу, тхьэмпэ цIыкIу куэду зэхэтщ. Ипкъ занщIэу дэкIейм и лъэдийм деж цы теткъым. Гъэгъа гъуэплъыфэхэр удз щхьэкIэм Iэрамэ хъурейуэ бадзэуэгъуэм къыпедзэ. Жылэхэр фокIадэм ирихьэлIэу мэхъу. Нэхъыбэу къыщокI Къущхьэхъу хъупIэхэм, бгыщхьэ лъагэхэм, мывалъэ джабэхэм.

***Бэджкъиш - Тысячелистник.***

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI, зи лъагагъыр см 40 - 60 хъу удз лъэпкъыгъуэщ, лIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшауэ. Я тхьэмпэ хуэкIыхьхэм лэдэх куэд яIэщ. Пкъы занщIэу дэкIейхэм мэкъуауэгъуэм - бадзэуэгъуэм гъэгъа хужьыфэхэр е пшэплъыфэхэр къапедзэ. Жылэхэр гъэмахуэкIэм, бжьыхьэм мэхъу. КъэкIыгъэхэм лъабжьэжь ящI. Нэхъыбэу къыщокI губгъуэхэм, мэкъупIэхэм, щIыжьхэм, псэупIэхэм япэгъунэгъуу. Медицинэм къыщагъэсэбэп. Адыгэхэри куэд щIауэ ироIэзэ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**

● УФСБ-м къет

# Хабзэншагъэр къызэпауд

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ уэчылым зэрихьэ хабзэншагъэр. Абы шэч хуащI Iулъхьэ къеIыхыным пыщIауэ.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, щIыпIэм щыпсэум илэжьа щIэпхъаджагъэм папщIэ тралъхьэну тезырыр хуэзыгъэмэщIэфыну къалъытэхэм Iулъхьэ етынымкIэ дэлэлу уващ уэчылыр.

Урысейм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 291.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм и «б» пунктым ипкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

# БзаджащIэхэр яубыд

**Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм, Урысей МВД-мрэ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъумрэ зэщIыгъуу къызэпаудащ УФ-м хуит щамыщI дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм (МТО) и гупым щыщхэу 8-м, КъБР-м и Бахъсэн районым щыIэхэм, ялэжь хабзэншагъэр.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, МТО-м и эмиссарым хуэпэжыну къалэн зыщащIауэ, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я административнэ унэхэм IэщэкIэ теуэным зыхуагъэхьэзырырт.

Террорист гупым и унафэщIымрэ абы хэтхэмрэ яубыдащ, ахэр щыпсэухэмрэ щэху гъэтIылъыпIэмрэ къыщащым къытрахащ: Iэщэ зэхуэмыдэу 10, шэуэ 500, гын килограмми 5, щIагъанэ IэрыщI IэмэпсымэкIэ 12-рэ ахэр гъэхьэзырыным и пкъыгъуэхэмрэ, сэуэ 18, «Моторола» радиостанцыу 3, хущхъуэхэкIхэр, бгылъэ-мэзылъэ щIыпIэм щыпсэун папщIэ зыхуеинухэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэхухэр къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм, 205-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм (терактым зыхуэгъэхьэзырын), 205.5-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ Iыхьэхэм (террорист гуп къызэгъэпэщынымрэ апхуэдэм илэжьым хэтынымрэ) ипкъ иткIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ хабзэм ебэкъуар игъащIэкIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Яубыдахэм ятеухуа следственнэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI ялэжьа щIэпхъаджагъэхэр убзыхуным, апхуэдэуи нэгъуэщI хабзэншагъэхэр зэрахьамэ къыщIэгъэщыным ехьэлIауэ.

*КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ Шэрджэс Iэсият Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбэз районым хыхьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Я жылэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школыр, Черкесск къалэм и Музыкэ училищэм фортепианэмкIэ и къудамэр, Дон Iус Ростов къалэм Рахманинов Сергей и цIэр зезыхьэ и консерваторэм оперэ уэрэдхэр жыIэнымкIэ и къудамэр къиухащ. Хьэбэз къуажэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школым щригъэджащ, а жылэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Iэдииху» ансамбль цIэрыIуэм хэтащ. Мы зэманым КъБР-м и Музыкэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэ оперэ уэрэджыIакIуэ пашэхэм ящыщщ, «Камерата» камернэ оркестрми хэтщ. Iэсият и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ.*

**● ДифI догъэлъапIэ**

# Iэсият къыхуигъэщIащ щэнхабзэм

**- Iэсият, укъыщыхъуа унагъуэм, уи адэ-анэм, къыбдалъхуахэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

- СыкъызыхэкIар адыгэ хабзэр, адыгагъэр щызэрахьэ унагъуэщ. Лъэпкъ макъамэм сыдезыгъэхьэхар, лъагъуныгъэ хузэзыгъэщIар зоотехник, селектик щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зиIэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iэдииху» ансамблым илъэс плIыщIым щIигъукIэ хэта, тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа си адэ Алийщ. Си анэр Чыржынхэ япхъущ, и цIэр Розалинэщ. Ар Ставрополь яфIэкIуасэри медицинэ училищэм щеджащ. Си адэ-анэр щызэрыцIыхуари аращ. Си анэр илъэс щэ никъуэкIэ IэнатIэ пэрытащ, лэжьыгъэм и ветеран хъуащ. Пшынауэ Iэзэу, пщэдджыжькIэрэ а Iэмэпсымэр къиштэурэ, макъамэ дахэхэм дыщIигъэдэIуурэ дыкъигъэтэджу зэрыщытар нобэми си нэгум щIэтщ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэ дыщиIэкIэ папэ - шыкIэпшынэ, мамэ - пшынэ, сэ пианинэ сеуэу апхуэдэт.

Си анэмкIэ си адэшхуэ Чыржын Хъусин Зеикъуэ къуажэм уей-уей жезыгъэIэ джэгуакIуэшхуэу дэсащ. КъардэнгъущI Зырамыку и тхыгъэхэм си адэшхуэм и лэжьыгъэхэм я гугъу щищIащ. «Кулак» цIэр зыфIащу, зи мылъкур зытрахыу я щIыпIэм ирагъэкIахэм ящыщщ ар. Зеиншэу къэна урыс зэдэлъхузэшыпхъу цIыкIуитI и деж пIалъэкIэ зэрыщигъэIам и фIыгъэкIэ ямыукIыу къелащ. Гугъу ирагъэхьами, гукъыдэж иIэу и адыгэ лъэпкъым хуэлэжьащ. И уэрэдхэр радиом и фондым къыхэнащ.

Си анэкъилъхухэм я гугъу пщIымэ, дэлъхуищ сиIэщ, щхьэгъусэ, бын яIэжу унагъуэ хъарзынэу мэпсэухэ. Си дэлъху нэхъыжь Аслъэн МКъУ-м и юридическэ факультетыр къиухащ. И щхьэгъусэ Жэмбэч Жаннэ дзэ дохутырщ. Абыхэм быниплI (зы къуэрэ пхъуитIрэ къахуэнащ) яIэу, зэрыунагъуэу Москва щопсэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я щIалэ Андемыркъан, и ныбжьыр илъэс 23-м иту, университетым юрист IэщIагъэм щызригъэгъуэтауэ ковид узыфэм ихьащ. А гузэвэгъуэр хуабжьу зыхэтщIащ псоми. Сэ къыскIэлъыкIуэ СулътIан Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастерщ. Иджыпсту «Газпром»-м щолажьэ. И щхьэгъусэ Абыкъуэ Зарифэ филологщ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ ирегъаджэ. Ахэри Москва щопсэу, къуитIрэ пхъурэ яIэу. НэхъыщIэ Беслъэн КъБКъУ-м и юридическэ, спорт факультетхэр къиухащ. И щхьэгъусэ Хъуэжей Мадинэ и IэщIагъэкIэ экономистщ. Налшык дэсхэщ, къуитIрэ пхъуитIрэ зэдапI. Ахэр нэхъ спэгъунэгъущи, концерт стыну зы щIыпIэ сежьэми сыкъэкIуэжми къыспэплъэу, Беслъэн сыт щыгъуи къыспежьэу апхуэдэщ.

Си дэлъхухэм я бынхэм я зэфIэкIхэм, ехъулIэныгъэхэм срогушхуэ, срогуфIэ, сроин, жыпIэнурамэ, сыадэ шыпхъу насыпыфIэу зызолъытэж.

**- Уи IэщIагъэр уэркIэ сыту къэплъытэрэ?**

- Ар си гум, си псэм пэгъунэгъуу сыкъэхъуауэ, абы Тхьэм сыкъыхуигъэщIауэ къысщохъу. Ди IэщIагъэр къапщтэмэ, умыпIащIэу, хуэму, жыжьэ уплъэурэ лъэбакъуэ-лъэбакъуэурэ уи гъуэгу пкIун хуейуэ къызолъытэ. Ди адэм ирипагэу жиIэрт и быниплIым ящыщу и псэм, и лъым хэту, и гъуэгум пызыщэу, зэхэзыщIыкIыу сыкъызэрилъытэр. Си анэмкIэ си адэшхуэр джэгуакIуэшхуэу, хъыбарыжьхэр, нарт IуэрыIуатэр гукIэ ищIэу, КъардэнгъущI Зырамыку и хьэщIэу щытащ. Абырэ си адэм и лъымрэ зэхыхьэжауэ я лъэужьым срокIуэ. Си щхьэкIэ срогушхуэ а лъагъуэм сызэрырикIуэфым. Нэхъ гъэщIэгъуэныжыр си дэлъху СулътIан и



къуэ Рауф, ди адэм хуэдэ дыдэу, яхуэмыгъуэт бас баритон макъ дахэм хуэдэ зэриIэрщ. Ар ухуакIуэу, инженеру Москва дэсщ. Магомаев Муслъим и уэрэдхэр фIы дыдэу къехъулIэу егъэзащIэ. Студент зэхыхьэхэм уэрэд жыIэнымкIэ къыхэжаныкIыу, Гамзатов Расул и «Журавли» уэрэдымкIэ Гран-при саугъэтыр къихьауэ апхуэдэщ. И IэщIагъэм къыдэкIуэу, уэрэд жыIэныр фIыуэ къохъулIэ. Куэдым зыкъыхуагъазэ макъамэмкIэ къыдэлэжьэну хуейуэ. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуиIэращи, абы дамэ къыстрегъакIэ. Си адэм илъэгъуамэ, гуфIэнт жысIэу апхуэдэщ.

**- Уи адэ-анэр щыпсэу республикэр къызэбнэкIыу ди щIыналъэр псэупIэ зэрыпщIар сфIэгъэщIэгъуэнщ...**

- Сэ еджапIэр къыщызух гъэм ирихьэлIэу Гъэсашэ Наталье нытхуеблэгъат Ростов и консерваторэр къэзыуххэм зыкъыщагъэлъагъуэ пшыхьым. Абдеж утыку ситу гу къыслъызыта Гъэсашэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым сыкъригъэблэгъащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ сезыгъэджа профессор Мазун Борис абы и лъэныкъуэкIэ хуабжьу гугъу зыкъызэрызридгъэхьар. Аспирантурэм сыщIэтIысхьэу си щIэныгъэм хэзгъэхъуэн мурад сиIэти, си егъэджакIуэм чэнджэщ къызитащ еджапIэм сыщIэмытIысхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщысхуагъэлъагъуэ IэнатIэм арэзы сытехъуэну, лъэпкъ макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуэсщIыну. КъищынэмыщIауэ, си дэлъху Беслъэни Налшык щыIэт, КъБКъУ-м щеджэу. Си адэ-анэр щыпсэури апхуэдэу жыжьэтэкъым, сыкIуэжу слъагъуну Iэмал сиIэти, абы арэзы сытехъуащ. 1994 гъэм Налшык сыкъыщыIэпхъуам, Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэр, срашыпхъум хуэдэу, гуапэу къысIущIащ.

**- Iэсият, уэрэд жыIэным ухуезыгъэджа, абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ пхуэхъуа цIыху щыIэу къыщIэкIынщ, дауи...**

- Консерваторэм сыщыщеджа зэманым къриубыдэу егъэджакIуиплI зэсхъуэкIащ. Ауэ нэхъ гугъу къыздехьар ищхьэкIэ зи цIэ къисIуа, илъэс куэдкIэ къыздэлэжьа си егъэджакIуэ Мазун Борисщ. Лъэпкъ уэрэд згъэзэщIэну къыщызжиIэм, си адэшхуэм игъэзащIэу щыта «Си нанэ дыщэ»-м, нэгъуэщIхэм езгъэдэIуащ икIи си макъыр сытми хуэщIауэ къилъытащ. Адрей си егъэджакIуэхэм си лъэпкъ уэрэд жыIэкIэр академическэм хуамыгъэкIуэфу гугъу ехьащ. Языныкъуэхэм лъэпкъ уэрэд жызыIэхэм оперэ ямыгъэзэщIэфыну къалъытэми, сэ къысщхьэпэжар адыгэ уэрэдхэр зэрыжысIэрщ.

**- Ущыджэгуа спектаклхэмрэ опереттэхэмрэ, бгъэзэщIа оперэхэм нэхъ ппэгъунэгъу лэжьыгъэхэмрэ нэхъ гугъу узыдехьахэмрэ къыхэбгъэщам арат.**

- ЖысIэну сыхуейщ згъэзэщIа дэтхэнэ зы лэжьыгъэри си гъащIэм щыщ Iыхьэ, пычыгъуэ зэрыхъуар, сигу къинэжа къудей мыхъуу си гъащIэм, си лъым зэрыхэшыпсыхьар. Ауэ Пуччини Джакомо и «Мадам Баттерфляй» оперэм япон хъыджэбзу сызэрыщыджэгуар си гуи си пси нэсащ, а лъэпкъым я дуней тетыкIэмрэ еплъыкIэмрэ адыгэм зэрытпэгъунэгъум папщIэ.

Нэхъ гугъу сызыдехьам и гугъу пщIымэ, ар сыхьэтищрэ никъуэкIэ екIуэкI «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм щызгъэзэщIа Лацэ и партиеращ. Иджыпсту хуэдэу микрофоныфIхэр нэхъапэм диIакъым. Театрым и акустикэр хуабжьу лъахъшэт. Къэбгъэлъагъуэмэ, Фырэ Руслан игъэува «Евгений Онегин» оперэр япэу щыдгъэлъэгъуам, Москва къикIа журналистхэм ятхауэ щытат Музыкэ театрым акустикэ зэримыIэми емылъытауэ, оперэр зыгъэзэщIахэм я макъыр фIыуэ зэхэпхыу, ехъулIэныгъэ яIэу лэжьыгъэр къагъэлъэгъуэн яхузэфIэкIащ, жаIэу. Абы гугъу дызэрыдехьами гу къылъатащ. УрысыбзэкIэ щыжыпIэм нэхърэ, адыгэбзэкIэ оперэр кIыхьу, симфоние оркестрым щIыгъуу сыхьэтищым къриубыдэу щыбгъэзащIэкIэ, тэмакъыр хуабжьу гугъу ирегъэхь. Абы иужькIэ мазэм щIигъукIэ си тэмакъыр и пIэ иувэжу аращ. ИтIанэ, дызыхурагъэджа оперэ гъэзэщIэкIэмрэ адыгэ оперэ жыIэкIэмрэ хуабжьу зэщхьэщокI, жыжьэуи гъунэгъуу зэкIуалIэркъым. Тэмакъыр абы гугъу зэрыригъэхьым къыхэкIыу адыгэбзэкIэ оперэ щыжыпIэкIэ нэхъ лъахъшэу бгъэзэщIэн хуей мэхъу. УрысыбзэкIэ, итальяныбзэкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ ар бгъэзэщIэну нэхъ тыншщ, ди бзэм еплъытмэ. Ауэ, абы къикIыркъым Лацэ и партиер сигу иримыхьу. Гугъу дыдехьами, а лэжьыгъэр цIыхум ягу дыхьэу къыдэхъулIащ. Ар телевиденэм и фондым къыхэнащ. Дауэ мыхъуми, сыт щыгъуи жызоIэ адыгэбзэри адыгэ уэрэдхэри си псэм зэрыхэлъыр. Адыгэ макъамэ гъуазджэм гулъытэ хуэсщIыну, лъэпкъым сыхуэлэжьэну сфIэфIщ. Адыгэ оперэ щагъэувкIэ, дапщэщи сыхэтыну сыхьэзырщ.

**- Мы зэманым сыт хуэдэ лэжьыгъэ зи ужь уитыр?**

- Александров и «Свадьба в Малиновке» лэжьыгъэр иджыпсту къыдогъэщIэрэщIэж, куэд мыщIэу спектаклыр худкомиссэм и пащхьэ итхьэнущ. Ди мурадщ фокIадэм абы цIыхухэр едгъэплъыну.

ЛэжьыгъэщIэхэм я гугъу пщIымэ, иджыблагъэ утыку къитхьа «Буратино» сабий таурыхъым сыщыджэгуащ. «Севастопольский вальс» опереттэр театрым и лэжьэгъуэ пIалъэ 12 хъуауэ щIэупщIэ ин иIэу догъэлъагъуэ. Штраус и «Цыганский барон» опереттэм хъыджэбз цIыкIу Саффэ и ролыр щызгъэзэщIащ. Иджы къысхуагъэфэщащ абы и анэ Чипрэ и ролыр. Ар зэманыр и пIэм имыту зэрыкIуатэм и нэщэнэщ. КъызэхъулIэху утыкур згъэбжьыфIэну си мурадщ. Си макъым нықъусаныгъэ иIэу зыхэсщIэмэ, щIалэгъуалэм гъуэгур хуит яхуэсщIынущ.

**- Музыкэ театрым узэрыщылажьэм къыдэкIуэу, «Камерата» камернэ оркестрым илъэс зыбжанэ хъуауэ узэрыхэтми и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Темыркъан Пётр зи художественнэ унафэщI «Камерата» камернэ оркестрым сызэрыдэлажьэрэ илъэс 31-рэ мэхъу. 1995 гъэм «Евгений Онегин» оперэр утыку къыщитхьам, Темыркъан Пётр сызэхихри, и гупым сригъэблэгъауэ щытащ. Абы лъандэрэ зэпыдмыгъэуауэ, гуапэу, дызэгурыIуэу дызэдолажьэ. Удэлэжьэну тыншщ, узэхещIыкI, укъыгуроIуэ. Филармонием и оркестрым и художественнэ унафэщIу щыта Темыркъан Бориси сыхуэарэзыщ. Оркестрым хэтхэм зэгъусэу дгъэхьэзыра лэжьыгъэхэр Москваи Ярославли тшауэ щытащ икIи куэдым ягу дыхьащ, я гуапэуи къыдэдэIуащ. ИтIанэ, си насып къихьри, Темыркъан Юрий зи унафэщI Академическэ симфоние оркестрым и гъусэу Чайковский Пётр и цIэр зрихьэу Москва дэт консерваторэм щекIуэкIа «Симфония Кавказа» лэжьыгъэм сыхэтащ. АрщIыжысIэращи, къысхуагъэлъагъуэ Iуэхухэм сфIэфI дыдэу сыхохьэ.

**- Iэсият, уэркIэ щапхъэ, хьэл-щэнкIэ ппэгъунэгъу цIыху гъащIэм ущрихьэлIагъэнщ, дауи...**

- Псом япэрауэ, си адэ-анэм я зэхущытыкIэ дахэр сэркIэ щапхъэщ. Адыгэ цIыхубзыр дунейм зэрытетын хуейм теухуауэ гъуазэ схуэхъуащ си анэшхуэ Уэз Мадинэ. Абы и макъым зригъэIэтауэ, цIыху пэпсэлъэжу е мыхъумыщIэ жиIэу срихьэлIакъым. Курыт еджапIэм сыщыщIэса зэманым си гъэмахуэ мазищ зыгъэпсэхугъуэхэр Зеикъуэ къуажэм щесхьэкIыу щытащ. Нанэ щабэу зэрыпсалъэр си гум къинэжащ икIи нобэми къэслъыхъуэу апхуэдэщ, сечэнджэщарэт жысIэу.

Гъуазджэм и гугъу пщIымэ, оперэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Каллас Марие и творчествэм сыдехьэх. Абы и уэрэд жыIэкIэр, утыку итыкIэр, образ къэгъэщIыкIэр хуабжьу сигу къыдохьэ.

**- ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа, утыкур зыгъэбжьыфIэ уэрэджыIакIуэ, артист цIэрыIуэхэм уащыщщ. ЩIыпIэ куэдым укIуэну, концертхэр щыптыну къыпхуихуащ. УздэщыIа щIыналъэхэм ящыщу нэхъ уигу къинэжахэм, зыкъыщыбгъэлъэгъуэну иджыри узыщIэхъуэпс утыкухэм я гугъу къытхуэщIыт.**

- Урысейм и къалэ куэдым щекIуэкIа щэнхабзэ зэхыхьэхэм, фестиваль куэдым дыхэтащ. Ди республикэм и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъур Москва и ВДНХ-м щыщагъэлъапIэм, махуитI-щым къриубыдэу а гуфIэгъуэм етщIэкIа концертым сыхэтащ. ЩIымахуэ щIыIэу ирихьэлIами, гугъу дехьами, зэхыхьэр гуапэ, гукъинэж тщыхъуащ.

ПащIэ Маринэ итха «Две мечты» мюзиклыр, «Свадьба в Малиновке» опереттэр ди республикэми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми щыдгъэлъэгъуэну си хъуэпсапIэщ. Мюзиклыр сабийхэми, щIалэгъуалэми, нэхъыжьхэми ягу дыхьащ. Абы щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр ди нэхъыжьхэм къадекIуэкI хабзэмрэ бзыпхъэмрэ дымыгъэкIуэдыжу тхъумэн зэрыхуейрщ. КъыдэхъулIэмэ, «Свадьба в Малиновке» лэжьыгъэр бжьыхьэм Владикавказ тшэну ди мурадщ.

Апхуэдэу хамэ къэрал куэдми дыщыIащ. «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей IутIыж Мэжид 2007 гъэм Тыркум дишауэ щытащ. ГукъэкIыж IэфIу сигу къинэжахэм ящыщщ 2009 гъэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, IутIыж Мэжид сымэ ди нэхъыжьу Израилым дызэрыкIуауэ щытар. Рихьэние, Кфар-Камэ, Иерусалим, Тель-Авив жыпIэми, щIыпIэ куэдым дыщыIащ. Согуэ Данил итха «Адэжь щIыналъэ» уэрэдыр япэ дыдэу Рихьэние щыжысIащ, а къуажэм и цIэр хэзгъэувэри. Ар концертым кърихьэлIахэм гуапэ ящыхъунтэкъэ!? IэгуауэшхуэкIэ даIэтауэ щытащ.

Адыгэхэр дуней псом тепхъа хъуами, я зыIыгъыкIэкIэ зэрызахъумэжым и щыхьэт куэд а щIыналъэхэми ди нэгу щыщIэкIащ. Концерт нэужьым дыздекIуэлIа шхапIэм щIэт щIалэм сыщеплъым, хьэрыпхэми журтхэми ар зэращымыщым гу лъыстащ. Ди нэхъыжьхэр абы щепсалъэм, гурыIуэгъуэ хъуащ ар Мысырым щыIа адыгэ мамлюкхэм зэращIэблэр.

Абы щыслъэгъуауэ нэхъ гъэщIэгъуэн сщыхъуахэм ящыщщ я унэхэр адыгэ ухуэкIэу зэрыщытыр. Кфар-Камэ музей дахэ щаухуащ, адыгэ хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр, дыжьынхэкIхэр, дыщэхэкIхэр щызэхуэхьэсауэ.

Хамэ къэрал щыпсэухэмрэ хэкужьым ис адыгэхэмрэ ди зэпыщIэныгъэм фIыгъуэ куэд къыдокIуэ, ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр псы хуэлIам хуэдэу къытхуэныкъуэщ. Ахэр ди щIыналъэм пIалъэкIэ къыщыкIуэжкIи я деж дыщеблагъэкIи гупсэхугъуэ ягъуэт.

КъызэхъулIамэ, адыгэ щыпсэу дэнэ щIыпIи сыкIуэнт. Ауэ, зэрытщIэщи, гъунапкъэхэр щызэхуэщIа ди зэманым ар иджыпсту гугъу хъуащ. Дыщогугъ дзэ Iуэху хэхар иухыу гъуэгухэр зэIуахыжыну, дяпэкIи зэлъэпкъэгъухэр дызэкIэлъыкIуэфыну, адыгэ фестивалхэм къыпытщэну. Мы гъэм Тыркум щызэхэтыну адыгэ фестивалым ди щIалэгъуалэр зэрыхэтынум срогуфIэ. Уи гур зыгъэфIхэм ящыщщ дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэр фIыкIэ къазэрыхэщыр, хабзэр, нэмысыр зэраIыгъыр.

**- Iэсият, дяпэкIи уефIэкIуэну, зыбужьыну, хэбгъэхъуэну, уи щхьэгъусэмрэ къыбдалъхуахэмрэ фызэкъуэтыну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**




# КIэртIофрэ кхъуей цIынэрэ зыдэлъ дэлэн

● Шхыныгъуэхэр

Фэ темылъу гъэва кIэртIофыр ягъэупщIыIу, кхъуей цIынэр тыкъыр цIыкIуурэ зэпаупщI. А псори лыхьэжым щабэу щIагъэкI, тепщэчышхуэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий, джэдгын халъхьэ, фIыуэ зэхагъэзэрыхь. IэшкIэ ящIри ягъэтIылъ. ИтIанэ пщагъэ зыхэлъ тхьэв яху, абы кIэртIоф IэшкIэ тралъхьэ, тхьэв кIапэхэр зэкIэрагъэпщIэжри, хупхъэкIэ хъурейуэ яху, и Iувагъыр см 2 хуэдизу. Дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэри, захуэ ящIыж. И кум сапэкIэ гъуанэ хуащI, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакъикъи 10 - 11-кIэ, ягъажьэ. Тебэр къытрахыж, дэлэным тхъуцIынэ щахуэ, Iыхьэурэ зэпаупщIри, хуабэу яшх, шатэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр:* Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 400, псыуэ - г 200, пщагъэу - г 10, зы джэдыкIэ, фошыгъуу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. Дэлэным дэлъынур: кIэртIоф укъэбзауэ - г 600, кхъуей цIынэу - г 400, бжьын цIынэу - г 100, шатэу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу,



джэдгыну - узыхуейм хуэдиз, дэлэн жьам щахуэ тхъуцIынэу - г 30.

# Хабзэжьыр хабзэщIэу къожьэ

● ЖыIэгъуэхэр

**♦Гъуэгушхуэр лъэс лъагъуэ цIыкIу-цIыкIуурэ яухуэн.**
**♦Гъунэгъу ди гугъэр зэрыжыжьэ, жыжьэ ди гугъэр зэрыгъунэгъу.**
**♦Адэ псори дэкъым, анэ псори нэкъым.**
**♦Адэ-анэ я хьэкъ къызытенам, бынкIэ епшыныж.**
**♦Адэ-анэм я фэ быным ираплъ.**
**♦Бынир гъэса хъуамэ, гу лъытэгъуейкъым: зыпIар ипIыжу плъагъунщ.**
**♦Зи къарум къимыгъэгугъэм и унэцIэ-адэцIэм трегъэчыныхь.**
**♦Хабзэжьыр хабзэщIэу къожьэ.**
**♦ЦIыхум узэрыдихьэхынури гущыкI зэрыхуэпщIынури зы бетэмалщ.**
**♦ЩыIэщ цIыху уигуи иримыхьу, зыкIэрыбгъэхуи мыхъуу.**
**♦ЩIыхуэр упшыныжми, Iуэхутхьэбзэу къыптонэ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Хабзэ

## НысэкъешэкIыж

Ипэ зэманым адыгэхэм нысащIэр занщIэу я унэ ямышэу, я Iыхьлы, ныбжьэгъу е я гъунэгъу гуэрым и унагъуэм пIалъэ хэхакIэ щагъэIэрт. НысащIэр а унагъуэм къыщрашыжынум деж, гум цIыхубз зытIущ, пшынауэ я гъусэу, шу гупи яужь иту кIуэхэрти, «УэредадэкIэ» къашэжырт. Абы «нысэкъешэкIыжкIэ» еджэу щытащ. Хабзэм ди зэманым узэрыщрихьэлIэжыр зэзэмызэххэщ.

## Нысэлъыхъу

Адыгэхэм хабзэу яIащ. Зи къэшэгъуэ хъуа щIалэ зиIэ унагъуэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яжриIэрти, хьэблэ-хьэблэкIэрэ, къуажэ-къуажэкIэрэ хэт хъыджэбз ишэгъуэ иIэми, ар нысэ хъунрэ мыхъунрэ щэхуу щыщIагъэупщIэхэрт, щыкIэлъагъэплъхэрт. Апхуэдэу нысэ яхуэхъун унагъуэм къыщалъыхъуэ зэманым «нысэлъыхъу» ящI хужаIэрт. Хабзэр ди зэманым мэкIуэдыж.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

# «Уадыгэкъэ?!»

Зымахуэ къуажэм сыкIуэжауэ уэ ущыпсэууэ щыта уэрамым сыдыхьат. Сыт хуэдиз илъэс дэкIа сэ иужьу абы сыщыдэтыжа лъандэрэ?! ИтIани тыншу къэсцIыхужащ фи унэр. Иджы абы ибгъукIэ къыщытт унэщIэ дахэшхуэ. Ауэ дэнэ кIуа фи пщIантIэм дэта мэракIуейр? Абы и щIагъыр зи джэгупIэу щыта уэ къыпхуэзэшу, уи лъыхъуакIуэ ежьауэ ара? Хьэуэ, ираупщIыкIащ: солъагъу щIым къыхэщ къудейуэ къэна и лъабжьэр.

Сэ сощIэ, уэри куэд щIауэ ущыпсэужыркъым мы пщIантIэм, нэгъуэщI къуажэ хэщIапIэ пщIащ. Ауэ, итIани, щхьэ къысфIэщIа, адэ ди щIалэгъуэу щыщытам хуэдэу, узэкIужу, укъысхуэгуфIэу, моуэ иджыпсту фи куэбжэ цIыкIур къыIупхыу си деж укъыдэкIыну?..

* * *

ИгъащIэми жаIэ: «Уадыгэкъэ?!» Абы къикI мыхьэнэр иIэу зэи жаIэркъым: «Уурыскъэ?!» «Унэгъуейкъэ?!», «Ужурткъэ?!» ЖыпIэмэ, дыхьэшхэн хъун фIэкIа, зыри къикIынукъым.

* * *

ЩыIэщ цIыху, зэи пэж жызымыIэфын, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и псэр пцIым гъэр ищIауэ мэпсэури.

* * *

Зымахуэ Налшык здисша си ныбжьэгъу си гъусэу ди къуажэкхъэм дихьат. «Мис си адэм и кхъащхьэр, мыр си анэращ», - жысIащ сэ, сынхэм сатеIэбэурэ. Абыхэм си ныбжьэгъуми щыму Iэ дилъащ. ИтIанэ жиIащ: «Сыту уи насып уэ - уи унагъуэ укъихьэжам хуэдэщ. Мор уи адэщ, мыр уи анэщ».

Сэ згъэщIэгъуащ абы жиIар. Ар дауэ? Зи кхъащхьэ дыщхьэщыт си адэ-анэм щхьэкIэ апхуэдэу жыпIэ хъун? Сыт насып мыбы зи гугъу ищIыр?

И псэлъэкIэм Iэнкун сызэрищIам гу лъитэри, ныбжьэгъум жиIащ: «Сэ икъукIэ насыпышхуэу слъытэнт, уэ пхуэдэу, си адэ-анэм я кхъащхьэр здэщыIэр сщIэуэ, сигу къыщыкIам деж сыкIуэурэ ахэр слъагъуфу щытамэ... Си адэр, зы илъэс фIэкIа сымыхъуауэ, 1937 гъэм яукIащ. Си анэр ягъэтIысри, Север жыжьэм ягъэкIуати, абыи къигъэзэжакъым. ТIуми я кхъащхьэхэр дэнэ щыIэми сщIэркъым... Иджы къыбгурыIуа «уи насыпщ» щIыжысIэр?..»

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

● ГушыIэ

# СыкIуэцIакъухьми, содэ

Урысбий лэжьакIуэ къикIыжу унэм здэкIуэжым, тыкуэным къыщIэкIыжа я гъунэгъу фызыр къыхуэзащ.

- Дауэ ущыт, Урысбий?
- Тхьэм уигъэузыншэ! Дыхъарзынэщ, Хьэбибэ.
- Тхьэ, Урысбий, бзэгу зесхьэну сфIэмыфI, ауэ бжезмыIэуи схумышэчыну.
- Сытыт, Хьэбибэ?
- Уащримыгъусэм деж, а ныбжьэгъукIэ узэджэ гупым къыпхужаIэр зэхозгъэхащэрэт.
- Уащримыгъусэм деж, жыпIа? Сащримыгъусэм деж, уэлэхьэ, сыкIуэцIакъухьми, содэм сэ абыхэм! - И пащIэкIэ щIэгуфIыкIри ежьэжащ щIалэр.

**ДУМЭН Мурадин.**



● Къуалэбзухэр

# АмкIыщ

ЦIыжьдадэ лъэпкъщ. Щопсэу Европэмрэ Кавказымрэ я мэзхэм. ЩIымахуэм зыщIыпIи лъэтэжыркъым. Абгъуэ щищIыр псей, уэздыгъей жыг гъуанэхэрщ. Адрей цIыжьдадэ лIэужьыгъуэхэм къащхьэщыкIыу и пщэм кусэ фIыцIэхэр хэлъщ, хулъэ щIагъым гъуэжьыфэ къыщIоуэ. И Iусым хохьэ псей, уэздыгъей жыг жылэхэр, хьэпщхупщхэр.

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **1**. ... куэд хъуркъым. **3**. Зи мырамысэ зыхуэмыщIыжыр ... жэмыкуащIэ макIуэ. **6**. Гупсыси псалъэ, ... тIыс. **9**. Пщащэр ... гуащэмэ, кхъуейхьэбыкъуэ ешх. **10**. Шылэм и ... зеукIыж. **11**. Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ ... . **13**. Емынэрэ ... зэрыхьэм зыгуэр къренэ. **14**. Нэм нэ ... иIэщ. **16**. Уи ... мыузу боз иумышэкI. **19**. ЩIым ... хьэмбылуми ишхын егъуэт. **21**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым. **22**. Дзыгъуэр гъуэм ..., фэлъыркъэб зыкIэрещIэ. **25**. Махуэ къэси ... уэркъым. **26**. ... фIэмащIэщ, ищIэр фIэкуэдщ.

*Къехыу:* **1**. Бзаджэ ... фIы ущымыгугъ. **2**. ХьэщIэ жагъуэ ... кIэщIакIэ. **4**. Бзэгур шэм нэхърэ ... жэрщ. **5**. Щихури лъагэ дыдэу докIей, къыпыкIэIакъым ... . **6**. Бгъуэ егъапщи, ... пыупщI. **7**. Джэдум нэхъ ... щымыIэу дзыгъуэхэм я гугъэщ. **8**. Псым ... пэтрэ я кIэ зэнтIэIуащ. **11**. Дыгъужьыдзэ ..., бажэкIэ пытщ. **12**. Узыщымыхъум ... къуэлъщ. **15**. Джэд щыкъун и ... . **17**. Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ ... махуищщ. **18**. Псалъэ ... мэгъущIэри, псалъэ дыджыр мэщIытэ. **20**. Гъатхэ дыгъэ ... нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ сипхъу типсэ. **21**. ДыгъужьитI зы ... изагъэркъым. **23**. ЗэгъунэгъуитI я ... бжыкIэ зыкъым. **24**. Мывэ къуршым ... трасэркъым.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



**Бадзэуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Гунэф. **5**. Шытх. **7**. Дурэш. **8**. ГъущI. **9**. Гъуо. **11**. Гущэ. **16**. Дэ. **17**. Ущ. **18**. Шыдыгу. **20**. Гуимэ. **21**. «Нанэ».

*Къехыу:* **2**. НапщIэ. **3**. Фэдэн. **4**. Къыр. **5**. Шэшэн. **6**. Тхьэгъуш. **10**. Пщы. **12**. Нэсри. **13**. IэшкIэ. **14**. Гуэгуэн. **15**. Тумэн. **19**. Дыд

# Унагъуэ. Лъагъуныгъэ. Зэхуэпэжыныгъэ

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр



*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

ЦIЫХУ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ унагъуэм гулъытэшхуэ зэригъуэтым, абы хухаха махуэшхуэр къэрал псом зэрыщаIэтым и мурад нэхъыщхьэр унагъуэшхуэхэм, быныфI къызыщIэува зэщхьэгъусэхэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщахь ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ хэха, гулъытэ яхуэщIыныршщ, ахэр щапхъэ зытрахыу унагъуэщIэ зыухуахэм яхуэгъэлъэгъуэныршщ. Апхуэдэу екIуу къызэдэгъуэгурыкIуэ зэщхьэгъусэхэм папщIэ къэралым щагъэуващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр. Ар махуэшхуэм ирихьэлIэу ират унагъуэ дахэхэм, щIыхь, фIыщIэ тхылъ хэхахэр, махуэшхуэм и дамыгъэу ягъэува шынэ-шынэ (ромашка) зыхэлъ удз гъэгъа Iэрами щIыгъужу. ЗэрыжаIэмкIэ, а удз гъагъэ хужь цIыкIур куэдым фIыуэ ялъагъу, къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэщэнэуи къалъытэ.

Апхуэдэ зэщхьэгъусэхэр гъэлъэпIэным теухуа зэхыхьэ дахэ дыгъуасэ щекIуэкIащ ди республикэм и щIыпIэ куэдым. Налшык дэт Макъамэ театрым щызэхаша зэхуэсым ирагъэблэгъат ди щIыналъэм хыхьэ районхэм, къалэхэм щыпсэу унагъуэ дахэхэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэрэ нэмысрэ зэрылъхэм ящыщ унагъуэ 70. УнагъуэуэзэрытIысрэ илъэс 25-м щIигъуа зэщхьэгъусэхэм хуагъэфэщащ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжыныгъэмрэ» медалхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр. Ахэр къабгъэдэкIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и махуэшхуэр гъэлъэпIэнымкIэ урысейпсо къызэгъэпэщакIуэ комитету Москва щыIэм.

Ди республикэм щыщ унагъуэхэу а дамыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм папщIэ зэхаша пшыхьым япэу псалъэ щратащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым. Ар къызэхуэсахэм къахуеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и махуэшхуэ хъуэхъум. АдэкIэ ар тепсэлъыхьащ ди республикэм унагъуэхэм, псом хуэмыдэу бын куэд щапIхэм щагъуэт къэрал гулъытэмрэ а унэтIыныгъэм адэкIи зрагъэужьыну зэрамурадымрэ. Къуэшырокъуэм и псалъэм къызэрыхэщамкIэ, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зиIэ унагъуэхэм социальнэу ядэIэпыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэншэу бынхэр зэрыщагъэIэфыр, зи адэхэр СВО-м щыIэ ныбжьыщIэхэри абыхэм яхэту.

А псомкIи нэрылъагъу мэхъу ди къэралым и Президентым къыхилъхьа жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэм, псом япэрауэ, бын зыпI унагъуэхэм, дэIэпыкъуныгъэшхуэ зэрагъуэтыр. Апхуэдэ гулъытэхэр нэхъыбэ хъу зэпытщ, цIыхухэм я псэукIэм и фIагъыми хагъахъуэ. НэхъыжьыIуэхэри нэхъыщIэхэри зыщIэс унагъуэшхуэхэм адэкIи зыщраужь къэралым. ИпэжыпIэкIэ, апхуэдэущ лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэхэр, фIыгъуэхэр, лъапIэныгъэхэр зэрыпхуэхъумэнур. Аращ къэрал унафэщIхэм гулъытэ хэха щIыхуащIыр унагъуэхэм заужьыным, ахэр быдэ хъуным, зэпэщу псэуным.

Къэрал гулъытэ лъагэ зыгъуэта унагъуэхэм гуапэу ехъуэхъуахэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и депутат, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ абы и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир. Унагъуэшхуэм я нэхъыжь депутат цIэрыIуэм и псалъэм къыхигъэщащ унагъуэр лъагъуныгъэм, пщIэм, нэмысым, гумащIагъым, пэжыгъэм, цIыхум хэлъыфыну нэгъуэщI щэныфI куэдым я къежьапIэу зэрыщытыр. Апхуэдэуи унагъуэм зегъэужьыным хуэгъэпса а къалэнхэр екIуу зэфIэха хъумэ, гъащIэм и унэтIыныгъэ куэдым зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтынури жиIащ, сыту жыпIэмэ унагъуэр къэралым и зы Iыхьэщ, жылагъуэм и быдапIэщи.

Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ махуэщIыр зыхуэгъэпса зэщхьэгъусэхэм гуфIэгъуэр къыдаIыгъыну, къадэгуфIэну кърихьэлIар къулыкъущIэхэм я закъуэтэкъым - зэхуэсым къекIуэлIат а нэхъыжьыфIхэр зи пашэ унагъуэхэм исхэр, Iыхьлыхэр, благъэхэр. А псоми я Iэгуауэ иным щIэту пшыхьым щагъэлъэпIахэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэу АфIэунэхэ Нажмудинрэ Каринэрэ, Моллевхэ Алимрэ Натальерэ, Кравченкэхэ Викторрэ Надеждэрэ, КIуэкIуэхэ Анзоррэ Джульеттэрэ, Шурдымхэ Аслъэнрэ Рузаннэрэ, Кальмус Александррэ Любовьрэ, Щомахуэхэ Владимиррэ Мадинэрэ, Нотхэ Хьэсэнбийрэ Раисэрэ, Тенхэ Заурбэчрэ Ксениерэ, Мокаевхэ Хьэзрэтрэ Лидиерэ, Къардэнхэ Адэлбийрэ Оксанэрэ, Сыжажэхэ Борисрэ Iэминатрэ, нэгъуэщIхэри.

Ди гуапэ зэрыхъущи, гуфIэгъуэ зэхуэсым щаIэтахэм ящыщщ ди лэжьэгъухэу, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистхэу Жыласэхэ Заурбэчрэ Маритэрэ. Бынунагъуэшхуэм (быни 4-рэ къуэрылъху-пхъурылъху 11-рэ) я нэхъыжьхэм, гуфIэгъуэм ирагъэблэгъа адрей унагъуэхэми хуэдэу, къыхуагъэфэщащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм и махуэр Урысей Федерацэм Iэтауэ щегъэкIуэкIыным и КъызэгъэпэщакIуэ гупым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр, дамыгъэ лъапIэр, саугъэтхэмрэ удз гъэгъахэмрэ. Къыхэдгъэщынщи, Жыласэхэ я унагъуэ насыпыфIэм, хабзэрэ нэмысрэ зэрылъым, мыпхуэдэ щIыхьрэ пщIэрэ нэхъапэми къыхуащIащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Заурбэчрэ Маритэрэ я унагъуэр щытекIуауэ щытащ «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм, «Унагъуэ зэрыIыгъырщ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфыр» унэтIыныгъэхэм хэту. Абы щыгъуэ абыхэм къехъуэхъуауэ щыта, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу, КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я советым и правленэм хэт Уянаевэ Iэминат зэщхьэгъусэхэм аргуэру удз гъэгъа Iэрамэ дахэкIэ щхьэхуэу къахуэупсащ.

Махуэшхуэ зэхуэсыр я уэрэдхэмкIэ, къафэхэмрэ джэгухэмкIэ ягъэдэхащ ди республикэм и творческэ гуп цIэрыIуэхэм, уэрэджыIакIуэ пашэхэм, сабий зэчиифIэхэм.

Унагъуэхэм илъ лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыIуэныгъэмрэ гуапагъэмрэ адэкIи хэхъуэным, ди республикэм щIэблэ узыншэ къиувэным, мурадыфIхэр дэтхэнэми къехъулIэным хуэгъэпса хъуэхъу куэд щыIуащ пшыхьым. Ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI лъапIэныгъэхэр, фIыгъуэхэр, хабзэхэмрэ нэмысымрэ пщIэ щыхуащI, щахъумэ хэщIапIэ ирехъу ди унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэ ри.

**ТАМБИЙ Линэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Псынэдахэр япэ итщ, Алътудыр абы къыкIэлъокIуэ

Футбол

**Урысей Федерацэм и Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я топджэгу командэ нэхъ лъэщхэр зыхэт зэхьэзэхуэ ещанэ дивизионым щокIуэкI. Мэлыжьыхьым (апрелым) и 4-м щIэзыдза а зэпеуэм бжьыпэр щаIыгъщ Псынэдахэ и «Родник»-мрэ Алътуд и «Искра»-мрэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр, Дагъыстэн, Ингуш, Къалмыкъ республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Астрахань областым щыщ командэхэм япэ къекIуэкIыгъуэр нагъэблэгъащ. АрщхьэкIэ нэхъ хьэлэмэт дыдэр - «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ я зэIущIэр - иджыри къапэщылъщ. Ар мыгувэу зэхэтынущ, етIуанэ къекIуэкIыгъуэм шыщхьэуIум (августым) и 8-м щIимыдзэ щIыкIэ.

Ди республикэм и щIыхьыр екIуу яхъумэ зи гугъу тщIа командэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатми Урысей Федерацэм и ещанэ дивизионми зэдыхэтщ «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ. Абы щхьэкIэ къэмынэу абыхэм я къарур зэхьэзэхуитIми хурокъу. Къапщтэмэ, псынэдахэдэсхэр иджыри къэс зыми къапикIуэтакъым, зэ закъуэ зэрытемыгъэкIуауэ джэгум къыхэкIыжауэ аращ. ОчкоитIыр «Родник»-м фIэзыгъэкIуэдыфар «СтавропольАгроСоюз»-ращ. Ардыдэращ алътуддэсхэм къегуоуари, Невинномыск щыкIуам къыхагъащIэу. Адрей псоми «Искра»-р щытекIуащ.

Псынэдахэрэ Алътудрэ я командэхэм къищынэмыщIауэ, ещанэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хэтщ Нарткъалэ и «Нартымрэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ гуп къыхэхамрэ, «Налшык» футбол школымкIэ гъэлъэщауэ. Абыхэми удэзыхьэх джэгукIэ къагъэлъагъуэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, турнир таблицэм щыпашэхэм зэкIэ ящыщкъым.

ШыщхьэуIум и 8-м щIэзыдзэну зэхьэзэхуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм щызэдэджэгунущ «Нарт» (Нарткъалэ) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ), «Искра» (Алътуд) - «Витязь» (Михайловск), «Родник» (Псынэдахэ) - «КъБР-«Налшык» ФШ (Налшык), «СтавропольАгроСоюз» (Невинномысск) - «Вайнах» (Нэзрэн), «РСШОР-Уралан» (Элиста) - «Куэсто Кальчо» (Сочэ) командэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр лъагэу зыIэт гупхэр зыхэхуа Урысей Федерацэм и Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я топджэгу командэ нэхъ лъэщхэр зыхэт зэхьэзэхуэу ещанэ дивизионым щекIуэкIым теухуа тхыгъэхэр дяпэкIэ ди газетым щIэх-щIэхыурэ тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизион. Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я командэхэр зыхэт гуп***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **10** | **9** | **1** | **0** | **42-3** | **28** |
| 2. «Искра» | 10 | 9 | 0 | 1 | 37-8 | 27 |
| 3. «СтавропольАгроСоюз» | 10 | 8 | 1 | 1 | 24-9 | 25 |
| 4. «Волгарь-М» | 11 | 7 | 1 | 3 | 26-13 | 22 |
| 5. «РСШОР Уралан» | 11 | 6 | 1 | 4 | 20-14 | 19 |
| 6. «Анжи» | 11 | 4 | 1 | 6 | 16-24 | 13 |
| 7. «Витязь» | 11 | 4 | 1 | 6 | 21-16 | 13 |
| 8. «КъБР-Налшык ФШ» | 11 | 3 | 1 | 7 | 10-26 | 10 |
| 9. «Нарт» | 11 | 1 | 3 | 7 | 3-22 | 6 |
| 10. «Вайнах» | 11 | 1 | 3 | 7 | 15-41 | 6 |
| **11. «Куэсто Кальчо»** | **11** | **0** | **1** | **10** | **7-45** | **1** |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.073 • Заказыр №1443

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А